

Sou Zèl Yon Kolonb Blan Kou Nèj

65-1128E

Life Tabènak, Shreveport, Louisiana, Etazini

1 Annou bese tèt nou.

Chè Seyè, nou remèsye w aswè a pou pwomès vini Seyè Jezi a, kote nou va rankontre nan gwo reyinyon ki pap janm fini an, ak lajwa ak kantik, pandan n ap louwe W atravè aj san fen sa--sa yo ki gen pou vini. Nou mande benediksyon W sou reyinyon aswè a. Nou mande benediksyon sou tabènak sa, sou responsab yo, pastè yo, kolaboratè yo, asistan pastè yo, epi yo tout.

2 Nou mande W pou beni sila yo, Seyè, ki te soti dè mil byen lwen pou yo te nan reyinyon an, etann men mizèrikòd Ou sou yo pandan yo pral vwayaje retounen lakay yo. Akòde I Seyè. Ke nou kapab rankontre anpil fwa ansanm nan plas sa yo rele kay Bondye a, pou adore. Beni sa yo ki konekte aswè a. Seyè, pa mwayen telefòn. Ke chak moun ki pa sove jwenn Jezikri Sovè yo, aswè a; geri tout malad ak aflije yo, Papa, sèvitè W ap rapòte I pou sèvis la, lan Non Jezi. Amèn!

3 Ke Seyè a beni nou chak. M tèlman kontan pou m isit la aswè a. M te fenk antre lè Frè Ernie t ap chante dènye pati kantik li a, *Sou Zèl Yon Kolonb*. Sètènman se yon bèl pwezi, se sètèn sa bèl, e mwen--mwen konnen sa vin nan bon moman an. Kidonk kounye a, nou gen anpil rekonesans.

4 E pou nou tout moun yo ki konekte aswè a deyò atravè nasyon an, m swete w te ka sèlman isit la pou wè atant sa, espwa sou figi moun yo alòske yo kwense nan bilding lan aswè a; ap pase yon tan mèveye.

5 Nou vle remèsye Frè Jack Moore, ak Sè Moore, ak Frè Nolan, Frè Boutliere, Frè Brown, tout asosye sa yo isit la, tout tabènak la nèt, tout responsab yo, poutèt yo te re envite nou ankò.

6 Se te yon...vrèman yon...yon jan de...ou paka di se yon koyensidans, se te senpleman jis men Bondye ki te ranje sa. Gen yon frè la ki te fè yon sonj sa fè kèk tan, konsènan bagay

sa k ap rive a, li di ke mwen “te kanpe ak yon pè pantalon blan, ak mokasen Endyen.” E se jis egzakteman fason sa ke m te abiye lè mwen te rele Frè Jack pou reyinyon isit la, jis egzakteman, (nan Carson, Colorado) mokasen Endyen ak yon pè pantalon levi blan sou mwen; Frè Leo, si w ap tandè, m te jis gen pou m te rankontre w nan kèk minit. Kifè se lè sa reyinyon an te pran nesans, drèt la.

7 Kounye a se Dimanch swa; mwen konnen anpil lan nou pral kondwi tout lannwit aswè a pou al lakay, kèk lan nou pral kondwi nan maten. Mwen menm mwen gen de jou ap kondwi devan m la. Kidonk nou--nou kenbe w twò lontan. E m te eseye rann sa yon nwit a lansyèn mòd, nwit kote Frè Brown, ak Frè Jack, ak nou tout ki abitye priye pou malad depi dèzane, taka priye pou malad yo menm jan nou te konn fè l lè sa.

8 Bon, èske nou tandè m dèyè nèt la? Mwen jis kontinye ap bese mikwo sa yo paske mwen anwe.

9 Kifè mwen vle...Jis yon ti bagay, ti ensidan sa te rive. Ebyen, yo t ap di m sa fè yon ti moman ke gen yon frè, isit la nan reyinyon an aswè a, ki jis fenk soti nan sistèm denominasyon; ki te antre vin Shreveport, ki te vle tandè pale de Mesaj la. E li te melanje, li pa t konnen ki kote sa te ye, konsa li t al nan santrevil. Li te jwenn yon gwoup moun ki te rasanble, li te di, “Èske se la ke Billy Branham pral preche a?”

10 Yo te reponn, “Non, se kote Billy Graham ap preche pa--pa mwayen yon--yon film.”

11 Li te di, “Ebyen, ekskize m, mwen--mwen twonpe plas.”

12 Li di ke li te monte, li te di, “Kounye a ki kote m ka ale, Seyè? Li di li te kòmanse ap mache sou wout prensipal sa. Mwen pa konn kijan l rele, gen yon gwo legliz la nan dènye bout li. Rue Texas. Epi gen yon gwo kwa blan sou yon legliz. Li di Seyè a te di l, li di, “Jis kontinye ap mache.” Li di...lè l te rive la, te gen...Li di, “Ebyen, sa dwe se sa la, te gen yon bann machin ki te estasyon toupitou.” E li te di, “Yon epouz ak yon epou t ap soti nan legliz la.” Sa se te yèswa, te gen yon maryaj. Mwen te wè l k ap soti. Seyè a te di, “Bon, se sa sa ye. Ou soti kite sistèm denominasyon pou antre nan Lepouz, pou w ale avèk Epou a.” Ou wè? Ou wè?

13 Mwen t ap fè madanm mwen remake, pandan nou t ap desann nan lari a, kijan lalin lan ak etwal la te sispann jis sou tèt kwa sa, pandan nou t ap antre anndan l. Mwen kwè m jis konsidere ti bagay konsa, petèt tankou yon konpliman pou fwa m nan Bondye ak ministè mwen.

14 Mwen t ap panse aswè a, nan Tucson, sa bay ke se te Victor Le Doux sa, li te Fransè sa...Li se yon Fransè otantik. Mwen kwè m t ap di w lòt jou, ke lè mwen t ap pale, ap eseye

separe sistèm denominasyon ak veritab Kreyente...Yon nonm te ban m yon...jis yon pale tou kout sou sa, li vin de yon legliz Pannkotis denominasyonèl byen koni.

15 Kidonk Danny Henry, mwen kwè li se kouzen yon vedèt sinema oswa yon bagay konsa, e limenm te yon Batis; li te kouri sou estrad la, pou l te pase men l nan kou m pou di, “Frè Branham, m espere ke sa pap sonnen se yon sakrilèj, men sa te ka 23yèm chapit Apokalips la.” E lè li te kòmanse ap di yon lòt bagay, li te kòmanse ap pale an lang.

16 E la, se te twa moun ki pale Fransè...Yon dam Fransèz (gwo, yon dam trè gwo, ki gen ten fonse, ki soti Louisianne, li ka chita isit la aswè a) te ekri sa sou yon bout papye, sa l te di a. Alò Victor Le Doux, yon minis, te ekri menm bagay la; e yo ta pral konpare nòt yo, oswa yo te sou pwèn fè l. Yon nonm ak cheve klè (yon jan de cheve blon) ki te kanpe dèyè nèt, li te pran nòt dèyè a byen lwen, li te avanse vin devan, li te vle wè nòt sa yo. Li te yon entèprèt Fransè pou Nasyon Zini. E tou lè twa nòt yo te menm.

17 E Sa te di konsa:

Poutèt ou te chwazi chemen ki pi difisil la...Ou te chwazi l, ou te pran...chwazi l ak pwòp chwa pa w.

Natirèlman, nou konnen sa. Moyiz te dwe fè chwa l. Li te di:

Sa a se chemen presi e kòrèk la, paske se CHEMEN PA M.

Ala yon--yon desizyon gloriye ou te pran!

Li te di:

Poutèt sa, yon kokenn pòsyon Syèl la ap tann ou.

E sa limenm se li ki pral fè, e ki pral akonpli, viktwa ekstraòdinè a nan Lanmou Diven.

18 Tou lè twa te menm. Mwen panse m te gen sa nan Bib mwen an aswè a, (M te gade la, men mwen pa genyen l), kopi orijinal la.

19 Danny Henry pa konnen...menm jan avè m, li apèn gen konesans bon Angle, bliye zafè Fransè a. Si nou remake la, se tankou lang Fransè, yo plase vèb yo devan advèb yo. E tou lè twa entèpretasyon yo te egzakteman parèy.

20 Danny Henry, sa fè kèk tan pase, li te fè...Danny ka ap tandè aswè a. Victor Le Doux petèt ap tandè, paske mwen konprann ke li nan Tucson. E nou menm moun Tucson yo nan legliz la, nan tabènak la, Tucson Tabènak kote Frè Green se pastè a; Frè Victor Le Doux, mwen konprann li lan yon reyinyon anba tant drèt nan bout Avni Pak la kote sa mennen sou

Otowout 80 an, lè w ap vin lan sans sa. E si nou ta laba demen swa ak sware apre a, kèlkeswa dire li va la, al tandè l; epi Danny ka avèk li. Sa ka bay ke y ap tandè sa k ap fèt nan tabènak la aswè a, m pa konnen.

21 Danny te al Jerusalem touswit apre sa, e li te di ke li te layite la nan tonb ki sou sipò...sipò wòch kote yo te mete Jezi a, kò a jis anvan rezirèksyon Li. E li te di, briskeman mwen te pase nan lesprì l; e li te di li te kouri soti, te kòmanse ap kriye, epi li te soti deyò. E li te kondwi...Li se yon nonm ki fabrike bagay apati de wòch; mwen vle di, wòch taye. Li di li te ale kote yo di se anplasman kwa a, li te jis glise...li te taye yon ti moso wòch e li te santi l pouse pou retounen avè l lakay li.

22 Lè l te fè sa, yon bagay te di l, “Fè yon pè bouton pwayè avèk sa pou Frè Branham.” Kifè li te mete l nan asid, e sa te chanje koulè a de koulè limèt sitwon regilye wòch la a koulè wòch san. E li te fè bouton pwayè yo.

23 E kan l te ban mwen yo, li pa t remake sa, men egzakteman nan mitan toude bouton pwayè yo te gen trè sere, tou dwat sa. Mwen genyen yo aswè a, pou ap priye pou malad yo. Ou wè, yon--yon koulè wòch san, tankou san k ap degoute; ak liy dwat, sere toudwat la. Jis egzakteman sa pwofesi l la te di a, “chemen etwat e sere a”; ou wè, dapre pwofesi a. Mwen te montre l sa.

24 Danny, si w ap tandè, ou menm oswa Frè Le Doux, youn lan nou, aswè a se pral sware a lansyèn mòd lè nou pral priye pou malad yo. Mwen kontan pou m mache nan chemen etwa, sere sa, fason Levanjil la, fason Pawòl la, ak Seyè Jezikri nou an.

25 Ke Bondye beni nou tout. Bon, nou si tèlman janti pou pale avè nou, mwen jis ap pale lontan pou kenbe nou twò lontan. Billy di gen ant twa a katsan moun pou yo priye pou yo, kifè mwen jis pral depeche m avèk mesaj nou an osi vit ke posib, e apre sa priye pou malad yo.

26 Kounye a, pou moun ki Arizona yo, Samdi swa pwochen, n ap nan (m pa janm ka sonje non vil sa) Yuma, Arizona, nan bankè a. Konsa la, nan Kalifòni, n ap kontinye drèt la Dimanch maten, pou al Los Angeles ak plas ki te predi pou n ale yo.

27 Aswè a, mwen vle pran yon tèks nan Lèzekriti.

28 An pasan, mwen te chita nan yon kafeterya jodi a, Kafeterya Morrison lan; Frè Jack, madanm li, mwen menm ak madanm mwen. Nou t al nan Kafeterya Morrison lan pou n te gen yon ti tan ansanm, nou pa t soti menm, medam yo pa t janm vrèman ansanm. Gen yon jenn kamarad ki te dirije l bò kote m, non li se Green, li se papa Frè Pearry Green. Li te di, “Ou konnen, Frè Branham, ou t ap pale de ‘johnny pin’ lòt jou swa.” An reyalite se yon..Kisa ankò?

Bobby pin. Li te di, “Ou t ap pale de ‘johnny pin,’” li te di, “Mwen gen yon ‘johnny pin pou ou.” Li te ban mwen l.

29 Bon, sa se yon “johnny pin,” medam, sa pap mache nan cheve yo. Yon “johnny pin,” li te di--te di li te konn itilize depi dèzane, pou kenbe paj Bib li yo ansanm. Kifè li te di, “M ap ba w yon otantik ‘johnny pin.’” Kifè, Frè Green, si w la kèkpa oswa si w ap tandè, “johnny pin” sa vrèman bon, li jis kenbe sa kòrèk.

30 Kounye a nou vle ale touswit nan Lèzekriti. E mwen vle w vin avè m kounye a nan Sòm 55, e apre sa Matye 3 tou. E sijè mwen aswè a se te kantik Frè Ernie an: *Sou Zèl Yon Kolonb Blanch*. Bon, mwen pap kapab frape sou tout nòt ak Ekriti ke m gen la, paske m ap jis on jan eskive kèk nan yo, poutèt m te pwomèt mesaj sa.

31 Si Seyè a vle, pou Yuma Samdi swa pwochen, mwen vle preche sou: *Kondisyon Pou Anlèyman An*, si Seyè a vle.

32 Nan Sòm 53...Ekskize m, Sòm 55.

Panche zòrèy...(Ekskize? 55, wi, mesye.)

Bondye, panche zòrèy ou bò kote m;...piga ou vire do ban mwen lè m ap rele nan pye ou.

Pran ka mwen, koute m, reponn mwen non: kè m sere, m ap plenn;

Mwen boulvèse lè m tandè lènmi m yo ap pale, lè m tandè mechan yo ap pale byen fò. Yo fè malè tonbe sou mwen. Yo move sou mwen, y ap pèsekite m.

Mwen santi kè m kase. Sezisman pran m lè m wè mwen fin mouri.

Tout kò m ap tranble tèlman mwen sezi.

Mewn di konsa: Pa pito m te gen zèl tankou yon toutrèl! Mwen ta vole ale. Mwen ta jwenn kote pou m pran repo.

Mwen ta kouri pati ale byen lwen. Mwen ta v al rete pou kont mwen nan dezè a. Selah.
(*Selah* vle di “Amèn.”)

33 David, yon moun ki renmen ret nan bwa, lè li an detrès epi moun yo refize kwè l, epi enmi an anvayi l, li te di, “ Si m te gen zèl tankou yon kolonb, mwen t ap vole al nan bwa pou m rete la.” Konbyen fwa m pa t panse menm bagay sa! Si m te ka pran fizi a dekwoche l sou mi an, sak kanping mwen, al fè wout mwen nan bwa pou m pa t janm retounen. Mwen te

mande Seyè a si m te ka viv pou wè jou...Mwen pa t janm dezire yon sèvis finèrè, m te di, “Si m te ka jis al fè wout mwen nan bwa kèkpa, apiye vye ‘Blondie’ sou yon pyebwa...”

34 Sa se fizi m lan, ekzkize m, si mwen--mwen--mwen di sa konsènan fizi m lan la. Ou konnen, fizi sa, ke yon Frè isit la te ban mwen sa fè dèzane, mwen te abat senkant senk tèt betay avè l, san manke yon kou, kèk nan yo a sètsan ou uisan vèj. Mwen rele l “Blondie” paske madanm mwen se yon brinèt, kifè li te di mwen gen plis konsiderasyon pou fizi a ke li. Men...

35 Kifè, mwen--mwen ta renmen apiye l sou yon pyebwa, pou di, “Seyè, pèmèt ke Joseph jwenn li yon jou.” Mwen ta renmen pran zèl yon kolonb pou vole byen lwen.

36 Men jis tankou yon fwa anwo montay yo mwen t ap obsève yon èg, e m t ap gade l k ap vole (nou konn istwa m lan sou sa), “Sa fè di byen pou w isit la, Seyè; menm jan Pyè te di, ‘nou te ka bati twa tant.’ Men anba nan pye montay la, malad ak aflije yo ap tann, sa k pèdi ak sa k ap mouri ap tann.” Kifè annou fè sa nou kapab pandan li fè jou, e yon jou va gen yon...zèl yon Èg blan va desann, Li va mennen nou lwen.

37 Kounye a, nan Matye 3:16, m ta renmen li vèsè 16 e 17.

E Jezi, lè li te batize, te soti tou dwat nan dlo a: e, men ni, syèl la te louvri pou li, e l te wè Lespri Bondye ki t ap desann tankou yon kolonb, e limyè a te sou li:

E men ni yon vwa te sot nan syèl, ap di, Sila a se Pitit byeneme M nan, ke nan li Mwen pran plezi nan li a. (Nan lòt mo, “nan li sa fè M plezi pou m abite.”)

38 Bon nou vle pale pandan kèk minit sou zwazo sa. Kolonb te toujou youn nan zwazo prefere mwen. E lè w ap panse a yon kolonb, yon kolonb se vrèman...epi yon pijon se menm tip zwazo a. Yon pijon ze yon kolonb domestik. Yo toulède fè pati de menm fanmi. Mwen te byen obsève l epi se menm fanmi an. Yon pijon ak yon kolonb, yo toulède se menm fanmi an. Abitid zwazo sa yo ekstraòdinè.

39 Mwen te preche isit la, kèk lane pase yo, nan yon reyinyon anba tant laba avèk Frè Moore, sou: Ayo Ak Kolonb Lan. Mwen kwè nou tout sonje sa; jan kolonb lan se zwazo ki pi pwòp ke nou genyen, e ayo a se bèt ki pi dou ke nou genyen. Toulède se zwazo ak bèt pou sakrifis.

40 Ala bèl tip sa la kote Jezi se Ayo a, e Bondye se Kolonb lan. E kolonb lan patap desann sou yon lou, nati li pa kòrèk. Li patap ka desann sou yon chen, nati li pa kòrèk. Sa te dwe yon ayo; de nati yo te dwe menm. E se fason sa nou dwe ye, nati nou dwe chanje de yon pechè k ap gwonde a dousè yon ayo.

41 Èske nou te remake ke Kolonb lan te kondwi Ayo a? Epi remake, Ayo a te abandone tout bagay Li te posede bay Kolonb lan. E gade ki kote Kolonb lan te kondwi L: nan Krisifiksyon pou peche nou tout.

42 Bon, Kolonb lan...Bondye te vle reprezante Pitit Li a, Li te reprezante L pa animal ki pi pwòp e pi dou sou tè a, yon kreyati terès; men kan Bondye te reprezante Tèt pa L nan syèl la, se te avèk zwazo ki pi dou e pi pwòp ki egziste nan syèl, yon kolonb.

43 Kounye a, kolonb yo varye, gen anpil diferan varyete ladan yo. Abityèlman toutrèl nou yo se jan zwazo avèk aparans gri. E apre sa ou gen yon kolonb ki toujou ap woukoule, epi gen kolonb di swa. Genyen tou yo rele kolonb sonora ke nou gen nan kay yo, li se yon ti kanmarad gri; piti, yon ti kanmarad tou piti avèk liy wouj sou zèl li. Gen anpil diferan sòt de kolonb, e yo gen koulè varye. Se menm bagay la pou pijon yo.

44 Bon, kolonb lan gen yon konstwiksyon trè biza, paske dabitid li paka manje anyen ki pa pwòp; li senpleman paka fè l, paske li pa t bati pou sa.

45 Kounye a, mwen toujou pale apwopo de kolonb lan tankou senbòl Bondye, epi kòbo a tankou senbòl ipokrit. Yon kòbo ka desann sou yon vye kakas mouri epi manje, tout lajounen, apre sa vole ale nan chan an pou manje ble avèk kolonb lan. Men kolonb lan ka manje ble se vre, men li paka manje kakas mouri a. Ou wè? Li jis paka fè l, li paka dijere l. E mwen te konn mande poukisa li paka fè sa; yo toulède se volay, toulède se zwazo. Men poukisa? Se estrikti yo.

46 Se konsa sa ye avèk yon Kreyen otantik. Yon...jis yon Kreyen denominasyonèl ka aksepte tout bagay, men yon Kreyen otantik, ne de nouvo paka aksepte bagay mond lan. Li bati diferan.

47 Mwen te dekouvri ke kolonb lan pa gen fyèl/bil. Pa gen bil nan yon kolonb paske li pa bezwen sa.

48 Kifè se fason sa ye avèk yon Kreyen, li pa bezwen okenn amètım, ou wè, paske li ka manje sèlman Nouriti Bondye. E li pa pran amètım pou fonn sa; li pran lanmou, ou wè, kifè li...pou fonn nouriti a. Amètım: “O,” yo va di, “ebyen...” yo diferan de Sa. Men lanmou toujou resevwa L, Pawòl Bondye a.

49 Kounye a, li pa gen okenn bil, kidonk li paka...se jis kont li pou l manje anyen k pa bon. E si l ta fè sa, sa t ap touye l. Men pa gen danje, li pap manje l (en-en), paske li pa gen apeti pou sa.

50 E se fason sa avèk yon vrè Kreyen. Èske w te konnen ke yon vrè Kreyen pa menm gen ankenn peche ditou kont li? David te di, “Beni nonm sa ke Bondye pa rann responsab pou peche l.” Lè w lave lan San Ayo a (pa ap fè sanblan, men vrèman San--San Ayo a), Bondye pa rann ou responsab de anyen ki te fèt, paske ou anba San an e Li pa wè l. Genyen yon sakrifis ak San; sèl bagay Li ka wè de ou, se jan L te wè ou anvan fondasyon mond lan lè L te mete non w nan Liv Lavi Ayo a. Se tout sa Li ka wè, paske ou te rachte de tout sa ki te janm komèt, ou lave nan San Ayo a. Kidonk pa gen bil nan ou, pa gen movèz abitud sal nan ou, paske San Ayo a te fè sa; e Bondye paka rann ou responsab apre w te gen yon ofrann pou peche ki blayi la ap tann ou.

Sè Lujie 51-96

51 “Oke,” ou di, “sa ban m kantite tan ke m bezwen an, Frè Branham, mwen ka fè sa m vle.” Mwen toujou fè l; toujou. Men, lè yon moun ka reyèlman wè sa Jezi te fè pou li, epi vire touwon pou fè yon bagay ki kontrè a Li, sa montre ke l pa t janm resevwa Kris.

52 Men ti madanm mwen an ki chita la. Li gen dizan anmwens mwen, e l gen otan cheve blan ke mwen. Rezon an se paske li te kanpe ant mwen e—e mond lan deyò a. Si mwen ta vwayaje lòtbò dlo, e mwen ta... Èske sa pa ta yon fanmi biza pou viv ladann, si m ta rasanble fanmi mwen bò kote m epi m ta di: “Gade non, Madan Branham, M vle pou reyalize ke w se Madan William Branham. Ou pa gen dwa pran yon lòt mari pandan m pa la a. Piga w gen jye w sou okenn lòt gason,” ak tout bagay sa yo. “Piga w voye pye w pasi pala. Si w fè sa, lè m retounen m’ ap divòse avè w.”

53 Epi limenm ta vire epi l ta di: “Koulye a, bon mouche m nan, m vle di w yon bagay tou. Ou pa pral pran okenn lòt fanm pandan w ale a. Ou pa pral fè sesi oswa sela. Si w fè sa, jis konsidere w divòse lè w retounen lakay.”

54 Kounye a, èske sa t ap yon fanmi ki gen lanmou? Ou wè? Non! Si vrèman M renmen l... Kwake m kwè si m ta fè yon erè epi glise pou fè yon bagay ki mal, m kwè li t ap padonnen m paske l renmen m. E si l ta fè sa, M kwè m ta padonnen l pou sa; sètènman, paske m renmen l. Men, si m renmen l konsa, osi lontan ke m renmen l konsa li pa gen pou l enkyete l. Menm si li ta ka padonnen m, m pa t ap fè l mal pou anyen. M—m—mwen ta santi m se nonm ki pi

koupab nan mond lan, m pa t ap ka tann yon minit pou m ta rakonte l kisa m te fè a, paske m renmen l. Bon, sa a se...Si m renmen l ak lanmou fileyo konsa, konbyen lanmou agapao m nan pou Jezikri a Pral pi ekstraòdinè?

55 Malgre m ta ka fimen yon sigarèt, sa mweb pap janm fè nan vi m; men, menm lè m ta fè l, li ta ka padonnen m pou sa, mwen kwè Li t ap fè l. Si m te pran yon ti tafia, m pa janm fè sa nan vi m, men m kwè Li t ap padonnen m pou sa. E m renmen l twòp, (Bondye, ede m) m pa vle fè anyen konsa, ou wè, paske m renmen l. Bagay sa a soti nan mwen, paske lè l te chanje m de yon kòbo a yon kolomb, sa te fè yon diferans, apeti pou bagay sa yo te kite m; kidonk, m pa akize pou peche m yo paske mwen pa gen entansyon fè l, sa pa nan mwen pou fè sa.

56 Yon lòt bagay ekstraòdinè osijè de kolonb sa a. Li se yon zwazo etranj. Èske w te janm obsève tout zwazo yo...

57 Youn nan zwazo ke m pi renmen se yon woujgòj. Koulye a, nou menm ti gason yo sispann tire sou woujgòj mwen yo, ou wè, paske m pa vle w fè sa. Woujgòj mwen an, ou konn kouman pwatrin li fè wouj? Ou konnen, yon jou te gen yon nonm ki t ap mouri sou kwa a, pèsoun pa t ap ede l, Bondye te abandone nonm lan, li t ap mouri. Men l yo te gen klou nan yo, pye l ak kòt li t ap senyen, kouwòn sou tèt li ak pikan, san ap koule sou figi l '. Epi te gen yon ti zwazo ki t ap pase, yon ti zwazo mawon. E l te gade sa a, li te... te panse se imaj ki te pi pitwayab li te janm wè. Epi l te konnen li te jis yon ti zwazo, men li te gade gwo vye women mechan sa yo ki t ap klouwe klou nan men l, epi li te vole ak ti bèk li t ap eseye rale yo soti. Li te gen pwatrin li benyen ak san, depi lè sa a li te wouj. Mwen vle pwatrin mwen pwoteje ak San L tou, pou defann Li lè m vin rankontre l. Mwen renmen ti woujgòj la.

58 Men, ou konnen, yon ti woujgòj dwe benyen; men, ou konnen, yon kolonb pa oblije; non. Li gen yon kalite lwil anndan l ki wile l epi kenbe l' pwòp anndan kou deyò. Ou konn sa? Kolonb lan genyen l! Kolonb lan wile tèt li. Èske w te janm pran youn, pran sant odè sa a sou li, yon kolonb oswa yon bagay konsa? Sa a se lwil ke l pwodui anndann an. Kò l fabrike yon glann lwil ki kenbe plim li yo toujou pwòp sou deyò paske li pwòp anndan kou deyò. Se vre. Li se yon ti zwazo mayifik.

59 Bon m konnen w ka chase yo isit la, m kwè, nan Louisianne. Pa fè sa! Oh, mwen patka fè l. Mwen devine si m te grangou, li ta byen, men mwen—mwen jis pap ka peze sou gachèt la sou youn si m te oblije.

60 Gen... Yon kolonb gen yon gwo bagay etranj avèk fanmi nou. Yon jou lè grann mwen...Li soti isit la nan Kentucky, nan rezèv Cherokee a. Li t ap mouri, yon ti madanm, epi li te... Yo te gen... M kwè yo rele sa eskripil oswa yon bagay konsa, li t ap mouri. Epi granpapa te mete l ajenou bò kabann lan; pandan ke Manman, Matant Birtie, Matant Howlie, yo tout te mete ajenou bò kabann nan; Tonton Charlie, (m te tou piti, yon ti gason katran) ti bebe a; Manman, ki se pi gran an, te gen anviwon douzan. E l t ap penyen cheve nwa li yo sou kabann nan, epi li te kòmanse chante, "*Wòche laj a, fann pou mwen, kite m 'kache m nan Ou,*" lè li t ap mouri. Granpapa, nan epòk sa a, pa t yon kretyen. M te batize l a katrevensetan daj, nan non Jezikri, anba a nan rivyè a kote zanj Senyè a te parèt la.

61 Men, pandan l t ap chante chante sa a, ak ti men fèb li yo anlè, yon kolonb te antre pa pòt la; tounen vinn poze sou tèt kabann nan, te kòmanse ap woukoule. Bondye te pran nanm li.

62 Mwen te al nan peyi Londres, Angletè ak Frè Jack e Frè Gordon Lindsay, e te gen yon ti dam ki te rele Florence Nightingale (ki fè konnen, m kwè, li se aryè pitit fi oswa yon bagay konsa defen Florence Nightingale) ki te ekri m anpil lèt. Li te al an Afrik di sid, li t ap mouri ak yon kansè. Epi li te gen yon foto; ou te wè li nan liv la. Mwen pa t janm wè yon mòtèl konsa nan vi m. Frè Jack, m kwè, te avèk mwen jou sa a. Nou te antre nan kay yon pastè, nan presbitè a, jis dèyè legliz kote yo te mennen l la.

63 Pandan ke n te ankò sou... sou pis aterisaj la, yo te fè rele nou nan opalè, E l te nan yon anbilans lè sa a; yo te transpòte l pa avyon —an Afrik di sid, konsyan m t ap vin an Angletè nan epòk sa a. Predikatè a mennen l nan presbitè a, kidonk nou te tounen la pou n priye pou li.

64 M te wè anpil moun ki malad, men ti bra l yo pa sanble te gen yon pous epesè , —zo bwa tèt li kote li kole ansanm nan, ou te ka wè l. Epi li...manm li yo nan wotè anch li pa t depase sa, de anviron de pous depesè, se te jis zo a. Epi li patka leve men l, yo te twò fèb pou l leve yo. Epi li t ap eseye di yon bagay, e m pa t ka konprann li. Epi lè finalman m te rive tande, m

kwè atravè yon enfimyè, li te di, "Frè Branham, priye pou Bondye kite m mouri." Li pa t ka... pa t vle viv. Apre sa, m remake, ke dlo nan je l t ap koule bò zo ki nan figi l yo. Ki kote li te jwenn ase imidite nan kò l pou l kriye, m pa konnen; paske venn li yo te afese, epi li te nan yon kondisyon terib. M vinn pou m priye pou malad, m pa t ka priye pou l mouri. Men, li te jis sanble ke l pa t ka mouri, li jis t ap ret tann.

65 M te mete m ajenou ak pastè w la, nan chanm nan pou m priye. Epi lè m te mete m ajenou pou m priye, yon ti kolonb te antre pa fenèt la; te kòmanse ap woukoule. Lè m te fin priye, mwen te panse se te yon ti kolonb domestik kèk kote la a. Te gen bwouya deyò a, jan Angletè ye a, zile Britanik yo la ba a. Epi ti kolonb sa a te sispann woukoule, li te vole ale. M te pwoche bò kote l, m te mete men sou li epi m te envoke Non Seyè a. E dam sa a se yon dam gran, kosto, ak yon sante fò jodi a, sou zèl yon kolonb.

66 Li kenbe tèt li pwòp sou anndan. Yon kretyen fè sa tou, li netwaye anndan an. Sa kenbe malis la...Li pa bezwen okenn bil pou l dije anyen, paske li pa manje l. Gade? Li pwòp anndan kou deyò.

67 Kounye a, nou remake zwazo sa a... Anpil bagay m te ekri la a, men revèy la kontinye ap deplase. Zwazo sa a te itilize tou nan Ansyen Testaman pou sakrifis, pou ekspyasyon epi pou pirifye. Ann jis refere isit la a youn nan Jenèz 15:9. Ann panse ak vèsè sa a jis yon moman. Kounye a, Abraham te... te mande Bondye la a, kouman l t ap fè sa. Epi Bondye retounen Pawòl li bay Abraham, epi Li fè l nan yon fason etranj. Ann kòmanse ak ...Ann kòmanse nan vèsè premye a. M pa renmen ap depeche ak sa. Apre bagay sa yo, Pawòl Seyè a te vin a Abraham nan yon vizyon,... Ou wè, Abraham te yon pwofèt, kidonk li te fè yon vizyon. ...Ou pa bezwen pè, Abraham: mwen se boukliye w, epi...rekonpans ki eksepsyonèl la. (Jewova-Manase, ou wè.) Epi Abraham te di, Men-...li te di, Seyè, Bondye... (Remake, S majiskil, "Seyè Bondye." Bondye! Ou wè?) ...Seyè Bondye, ... (nan vizyon an) ... kisa w vle ban mwen, paske m pa gen pitit, epi jeran kay mwen an se Elyezè ki se moun Damas? Abram di, Gade, ou pa ban m pitit : Men, gade, se moun ki fèt lakay mwen ki eritye m. Epi men ni, Pawòl Seyè a te vin a li menm, Li te di: Se pa li ki pral eritye w la;... Li te fin fè l yon pwomès Ou konnen. Pa..Ou wè, la menm Abraham ta echwe men pwomès la enkondisyonèl; alyans lan, san kondisyon. ...men moun ki va soti nan pwòp zantray ou a pral eritye ou. (Epi li gen santan kounye a.)

Aprè sa, li fè l soti deyò a, e L di: Kounye a Gade nan syèl la, epi konte zetwal yo, si w ka konte yo: Epi Li te di Abraham, se konsa desandan w yo pral ye. (Yon nonm ki pa gen pitit, e kounye a, li gen santan.) E l te kwè nan Seyè a. Epi sa te konte pou li pou jistis. Li di Abraham: -Se Mwen Menm Seyè a ki te fè w soti lavil Ur, nan mitan moun Kalde yo, pou m' ba w peyi a pou eritaj. Epi Abraham di l: Gade... Seyè... oswa Seyè... ki jan m ap fè konnen ke m ap eritye l?

68 Kounye a tandè sa a. Li di Abraham': -Pran pou mwen yon jenn vach twa lane, ak yon femèl bouk ki gen twa lane,...(siveye chif twa yo koulye a, "twazan")...ak yon belye ki gen twazan ak yon toutrèl e yon jenn kolonb. (Tou de menm espès lan, tou de menm bagay la. Ou wè, li te itilize nan yon sakrifis ke li te prefigire Jezi.)

69 Alyans lan te fèt...Ou konnen ki jan li te separe ande, e ki jan ke sa a...

70 Oswa nan ansyen tan yo, lè yo te pran...fè yon alyans, yo te konn pran epi ekri kontra a-- a. Epi Touye yon bèt, kanpe nan mitan l; dechire alyans lan an de, yon moun te pran yon pati...

71 Tankou dray klining Chinwa yo te konn fè a. Chinwa a isit la, li pa t ka ekri Anglè, kifè li te ekri la epi li dechire yon moso papye epi li te remèt ou yon pati. E ou--ou sonje dray Chinwa yo lè yo te konn fè sa. Epi ou...de bout yo te oblije konpare, pou jwenn rad ou a. Ou wè, ou pat ka blofe l, paske li te gen lòt bout lan. Ou ta ka re-kopye non w, men ou pata ka redechire papye sa a. Ou wè? konsa, li te gen ... li te dwe menm moso papye a.

72 Kidonk se konsa yo te fè sa nan epòk Oryantal yo, lontan...oswa gen lontan de sa nan epòk moun Lès yo. Yo te konn touye yon bèt, epi kanpe nan mitan l, yo te dechire moso po bouk la, chak te pran yon moso...Epi lè alyans lan te konfime, yo te mete moso yo ansanm epi yo te oblije koresponn jis egzaktman.

73 Bon sa Bondye t ap montre l la se sa a, konsènan sakrifis sa yo, Li t ap pale de Kris; jan Bondye te mennen Jezi sou kalvè epi dechire l, epi li te resevwa kò a nan Syèl la epi l te voye Lespri a desann sou nou, ke menm Lespri ki te sou li a dwe sou ou pou koresponn a kò a, pou w se Lepouz nan fen tan an. Ou wè? Ou wè? Se vre. Ou wè? Li pa pral yon denominasyon, kounye a. Se pral Pawòl la, sa Li te ye a. Ou wè?

74 Men menm jan Pawòl sa a gen pou vini a Pawòl la, tankou selil nan yon èt imenm. Ou konnen, lè—kò w t ap fòme, se pa t yon selil moun, pwochen an yon selil chen, pwochen an yon selil kochon. Oh, non, non. Se sèlman selil imen. Sa a se fason ke kò Kris la ye, tout Pawòl Bondye a. Pa sèlman yon pati nan Li, gen kèk tradisyon ajoute nan Li; non, se kò Kris la an antye.

75 Kounye a, nou jwenn isit la ke I te itilize yon toutrèl ak yon jèn kolonb, paske yo se menm fanmi an. Koulye a, ou toujou...

76 Donk, remake (mwen jis refere a kèk nan Ekriti sa yo) Levitik 12, 6yèm vèsè a. Nou jwenn la a nan lòd ke yon fanm te pirifye; si fanm nan te gen yon ti bebe, li te oblije tann. Si se te yon ti gason, li te oblije rete tann trant-twa jou anvan li te kapab antre nan asanble a ak kolonb yo, pou pirifikasyon. Si I te gen yon tifi, li te oblije tann katreven sèz jou anvan li te kab antre nan asanble a.

77 Kounye a nou jwenn la a, 6yèm vèsè a. E lè jou pirifikasyon yo te akonpli, pou yon pitit gason osinon pou yon pitit fi, li t ap vini ak yon Ayo ki gen ennan pou yon sakrifis pou boule pou Seyè a, yon jenn kolonb, oswa yon toutrèl pou yo touye kòm ofrann pou peche devan antre tabènak asanble a, devan prèt la.

78 Gade, li poko ka vini paske jou I yo poko rive, men li ka bay sa a - a prèt la nan pòt la, pou ofrann li. Ou wè, swa yon toutrèl osinon yon jenn kolonb. Yo toulède se menm fanmi an.

79 Kounye a li—kounye a yo te itilize I pou ekspyasyon yo, epi nan ekspyasyon pou peche a, yon kolonb. Oswa pou maladi lalèp, ki se yon sòt de peche, w ap mennen de kolonb: tèt youn te koupe, yo te vire I tèt anba epi san I te koule sou lòt la; Apre sa lòt pijon an te lage. Lè pijon an te vole, li benyen tè a ak san konpayon lan, epi san an te kriye pou Bondye, "Sen! Sen! Seyè Bondye a Sen!"

80 Èske w paka wè Konpayon ki mouri a, Jezikri? Yo te touye L epi yo te awoze nou, pou n te ka ale lib, pou n te ka rele byen fò "Sen! Sen! Sen! pou Senyè a." Ala bèl tip sa yo bèl. Mwen swete ke vwa m te bon.

81 Kounye a, pou tipifye gran Sentespri a jan ke nou sot li nan Apokalips 3:16; Bondye te itilize Kolonb sa a, pou siy, se sa kolonb sa te ye.

82 Yo te bay Noye yon siy, jan frè a te fèk sot chante la a. Sa pa t fè Bondye plezi, e pa gen anyen ki ta pral rete kòlè L, paske L te di, "Le jou ou va manje, jou sa w ap mouri." Epi Noye te jwenn favè Bondye e l te bati yon lach dapre konstriksyon yo... entriksyon yo pito, ke L te ba li yo. Apre sa, li te flote ret anlè.

83 Mwen ka imajine...sa k te rive nan jou sa yo lè yo te di: "Vye granmoun sa a sou ti mòn lan, yon vye fanatik, k ap bati yon lach, li t ap di 'lapli pral tonbe', e lapli pa t janm tonbe." Men li...

84 Noye di: "lapli pral tonbe, kanmenm."

85 Epitou mwen konn jou li te antre a, mwen kwè se kisa...m pa ka sonje ki jou sa te ye, m kwè se te disèt Me. Noye te antre nan lach la, epi Bondye te fèmen pòt la.

86 Epi nyaj yo te kòmanse vini, lapli te kòmanse tonbe, tourego yo te kòmanse plen, sous labim yo te jayi, epi kouran dlo yo te bay tout dlo yo. Finalman moun yo te antre nan kay yo, te grenpe monte. Vye lach la te rete drèt la a menm jan an.

87 Apre yon ti tan lè genyen ki te kòmanse rive bò kote l, sa te kòmanse ap monte pi wo epi pi wo. Moun yo te frape nan pòt yo e yo t ap rele, men sa pa t sèvi yo anyen, Noye pa t ka louvri pòt la. Bondye te fèmen l, Bondye te sèl Sila ki te ka louvri l.

88 Se menm jan an ak lach nou an, Jezikri; Bondye te louvri pòt la pou nou sou kalvè a, li pral fèmen l osi sèten ke l te louvri l.

89 E l te flote, epi l te kontinye ale, petèt yon mil pwofondè anlè tèt tè a lè tè sa a t ap kilbite soti kite chemen an...soti sou—òbit regilye l la. E l te ale ap vire tounen toutotou, ak bann gwo moso sa yo, ak pye bwa yo, epi sou tèt mòn yo elatriye, ap lanse pandan karant jou e karant nwit.

90 Epi lè van yo te kòmanse sispann...

91 Kòlè Bondye a terib. Lanmou li pur e diven; epi kòlè li—osi diven ke lanmou L, epi, li dwe egzekite jijman L paske L se yon jij. Li se yon moun ki bay lalwa, e lalwa san penalite se pa lalwa. Konsa, dwe gen yon penalite pou lalwa. E lè w dezobeyi lwa Bondye yo, se lè sa ou sibi penalite a.

92 Kounye a, nou remake apre ke Noye te fin flote anlè, san dout li te gen mal lanmè ak tout gwondman epi eklatman sa yo, epi kòlè Bondye ki t ap kraze e krabinen, ak bann rèl sa yo elatriye. Apre sa li te kòmanse trankil, pa t gen anyen ki te rive. Jou pase, anyen pa rive. Petèt rezèv manje pou bèt yo elatriye t ap bese, anyen pa t rive. Kidonk li te panse, "M ap mande m... mwen pa ka wè deyò a."

93 Lach la te konstwi yon tèl fason ke (yon fwa w ladan l), li te gen yon sèl fenèt, epi li te jis nan plafon an. Ou pa t ka gade sou kote, ou pa t ka gade okenn fason ke anlè toudwat. Epi se fason sa Lach la, Jezikri, ye. Ou pa ka gade kanmarad ki kote w la, ou pa ka gade anyen lòt ke Kris lè w nan Lach la paske gen yon sèl pòt, epi Li se Pòt sa ke nou te pale maten an. Ou dwe kontinye ap gade anlè, "Paske moun ki mete men l nan charyo a pou menm vire gade dèyè, li pa diy."

94 Kounye a, menm jan nan lach sa a...Epi li te ka wè limyè, e petèt limyè solèy la, men li t ap mande l ki kote li ye. Lach la te toujou ap flote, li te kapab tandè vag yo sou kote yo, men l te konnen ke sa te fè anpil jou, se sèten dlo a te bese pandan tan sa a. Konsa, li te ale, li te pran yon zwazo ki pa fyab, ki trèt, epi li te eseye l, e l voye l ale. Li te yon kòbo, e kòbo sa pa t janm tounen, paske li te jwenn plezi deyò a, deyò Lach Bondye a. Li voltije de yon vye kadav a yon lòt, li t ap manje kadav yo ak charonj ki t ap flote sou dlo a; epi li te satisfè pafètman.

95 Se konsa, apre plizyè jou li te eseye ankò, paske l te konnen...Li pa t vle soti deyò a nan kòlè Bondye a. Konsa li te lage yon kolonb. Epi kolonb sa a te gen yon nati diferan ke...Li pa t yon votou, ni li pa t yon chawon-yè, li ka sèlman manje bagay ki pwòp ki meyè kalite. Epi li te tèlman satisfè paske li pa t ka jwenn anyen lòt pou mete pye l yo, li te retounen nan lach la. Noye di, "Oke, inondasyon an la toujou ."

96 Apre sa, li tann plizyè lòt jou, epi li voye l ankò; M renmen priyè l la , "O Bondye, eske kòlè w la te apeze? Èske—èske—èske kòlè w la te pase, Seyè? Èske sa fini nèt? " Apre sa, li te

di, "Koulye a, si m voye l ale fwa sa a, li ka rete si dlo a desann, li ka rete." Men li voye l ale ak lapriyè, epi Lè sa a lè l te ale la a Bondye te dirije l, li keyi yon fèy oliv nan yon pye bwa, epi li te retounen ap bay kout bèk sou fenèt la ankò.

Frè Alix 97-158

97 Bondye te sèvi ak yon kolonm pou yon siy. Li tounen paske sa vle di ke "inondasyon an fini," epi lè sa a, Bondye te louvri pòt la, epi yo soti. Sa se Jenèz 8:8.

98 Yo te itilize l tou nan Matye 3:16, ankò lè kòlè Bondye te sou tè a. Epi pat gen oken mwayen, lannwit ki te pi fè nwa a, minwi, legliz yo te tèlman tòde bagay yo konsa jiskaske pat gen okenn fason pou soti ladann. Epi te gen fo doktè, tout kalite bagay ki te vini, tout kalite deklarasyon ki te fèt, men Bondye te sèvi ak yon kolonm ankò. Sa te fè l plezi, Pitit Gason lan Jezi te tèlman fè l plezi, ke Li te idantifye l.

99 Kounye a, yo pa t kapab kwè ke ti bebe sa a ki te fèt laba nan etab sa a nan yon krèch an pay... anvan swadizan papa l ak manman l te marye. Yo pa t ka imajine Bondye sèvi ak yon bagay konsa. Kifè Li te dwe idantifye devan je mond lan; epi jou sa a laba nan larivyè a, lè Li te desann pou pwouve Tèt Li kòm Chedèy Bondye a (ke m te pale de sa maten an)...Lè li te obeyisan pou antre nan dlo a...

100 Kounye a, si w remake la, gen yon gwo leson. Jan se te pi gran òm sou tè a, nan epòk la. Jezi te di : "Pa t janm gen yon gason ki te fèt nan yon fanm ki te osi gran ke li," nan epòk sa a. Epi li te yon pwofèt. Ou kwè sa? Koulye a, sonje, si Pawòl Bondye a dwe vin jwenn yon moun sou latè, se pral yon pwofèt. Se toujou fason Bondye sa. Èske w kwè ke Jezi se te Pawòl la ki te manifeste nan lachè? Kifè gen yon sèl fason Li ka vin prezante; se pa avèk prèt yo.

101 Li pa t ale laba pou di: ``Kayif, èske w vle prezante M? Si Li te fè sa, Li te fè menm erè David te fè nan leson nou an lòt jou a; Ou wè, si Li t ale nan legliz la, epi li ta di: "Èske w vle prezante M?"

102 Jis remake lè Li te fèt, menm. Lè Li te fèt, Li te fèt nan lonbraj legliz la. Epi yo te pwobableman sonnen klòch yo ak tout bagay, men se gadò mouton ki te rekonèt Li, ak maj. Ou wè?

103 Epi men Li kounye a, sou...pare pou ministè Li. E si Li se Pawòl la...

104 Dapre gran plan Bondye a, Pawòl la kapab sèlman... "Seyè Bondye a pa fè anyen jiskaske Li revele li bay sèvitè L yo, pwofèt yo." Sse toujou modèl Li a, sa dwe fèt; lè So yo te louvri, lè nenpòt lòt bagay. Nenpòt gwo evènman k ap fèt sou tè a, Bondye revele li bay pwofèt Li yo.

105 Epi Jan se te pwofèt la, paske li t ap pwofetize "Li t ap vini".

106 Epi yon jou laba a bò yon ti mòn ... pandan yon diskisyon, yon pakèt prèt te kanpe nan alantou a. Epi yo di: "Èske w vle di m ou rele tèt ou yon 'pwofèt', epi w kanpe la nan labou sa a?" (pa nan yon legliz, paske yo pa t ap vle l) "Ou kanpe nan labou sa a, epi di m ke lè a ap vini lè gran Jewova Ki te òdone sakrifis sa yo, lè gran Jewova Ki te bati tanp sa a, Ki te antre ladan l kòm yon Poto Dife, 'jou a ap vini kote sakrifis chak jou a pral retire'?"

107 Li te di: "Gen yon Nonm ki pral vini, e Li nan mitan nou kounye a (yon kote deyò a la), epi L ap wete peche a." Prèt la t ap diskite avè l.

108 Jan leve je l! Koulye a, ki sa li ye? Pwofèt la! Epi men Pawòl la, men Pawòl la k ap vini dwat devan pwofèt la, dwat nan dlo a. Jan te di, "Gade, men Ayo Bondye a k ap wete peche monn nan. Men Li, se Li menm." Jezi pa janm di yon mo, Li te mache drèt nan dlo a. Epi mwen ka wè la, kilès ki te kanpe nan dlo sa a (panse a yon dram), de nan pi gwo moun ki te janm vizite tè a: Bondye Pawòl la, ak pwofèt Li a.

109 Remake, Pawòl la vin jwenn pwofèt la nan dispansasyon lagras sa, nan dlo a (en-en). Mwen te panse ou ta sezi li (en-en). Nan dlo a! Premye revelasyon Pawòl la te nan dlo a. Kounye a ou wè kote Lepouz la te kòmanse, Mesaj Limyè Aswè a? Nan dlo a! Pawòl la, vrè Pawòl ki pa melanje ak kredo yo, men ki te vin jwenn pwofèt la nan dlo a, bò dlo a.

110 Remake! Èske w ka imajine je Pawòl la ak je pwofèt la ki rankontre nan dlo a? O, sa twòp pou mwen. Pwofèt la te kanpe la, Pawòl la te kanpe la, youn ap gade lòt nan je. Epi pwofèt la di: "Se mwen ki bezwen batize nan men Ou, poukisa ou vin jwenn Mwen?"

111 Epi Pawòl la te di...Li dwe vre.

Koulye a, kite m bay yon dram isit la:

112 “Jan, ou se yon pwofèt, ou konnen Pawòl la.” Ou wè? “Ou rekonèt Mwen, ou konnen Ki Moun Mwen ye.”

113 Jan te di: “Se mwen ki bezwen batize nan men Ou.

114 Jezi di: “Kite sa fèt konsa. Se egzakteman sa, ou bezwen batize nan men mwen. Men, sonje, Jan, antan ke yon pwofèt, se sa ki nesesè pou nou, oswa se devwa nou (antan ke Pawòl la *ak* pwofèt la), pou nou akonpli *chak* Pawòl. En-en. Paske, Jan,” (Men revelasyon an kounye a) “Jan, ou konnen Kiyès Mwen ye, Mwen se sakrifis la. E dapre Pawòl Bondye a, sakrifis la te dwe lave anvan yo te prezante l an sakrifis.” Eske se vre? Pawòl la... “Yo te lave ayo an epi yo te prezante l an sakrifis, e Mwen se Ayo sa a. E Mwen dwe lave anvan mwen ka prezante bay mond lan pou yon sakrifis. Kite sa fèt konsa, Jan, paske se konsa sa vin pou nou antanke Pawòl la *ak* pwofèt la ansanm.”

115 Ebyen, pa ka gen yon erè. Kounye a, *chak* bagay sa yo...

116 Kounye a, ou wè, si se pa t sa a menm, Jan t ap tankou nenpòt nan nou; Se konsa yo di, “Wi, mwen—mwen konnen Kiyès ou ye, Seyè.”

117 “Ebyen,” Li te di, “tann yon minit, mwen se Pawòl la. En-en. ‘Lòm pa dwe viv *ak* pen sèlman, men *ak tout* Pawòl.’ Èv te kite yon sèl en-en, men ou oblije pran *chak* Pawòl. Epi Mwen se Sakrifis sa a, epi Mwen dwe lave anvan Mwen prezante. Men, sa ou te di a, Jan, se vre.

118 Jan antan ke yon pwofèt, li te konnen Pawòl la te gen pou l akonpli, li te aksepte sa e li te batize L. Epi lè Li te leve soti nan dlo a, men Mesaj la ki soti nan Syèl la ki te vini sou zèl yon Kolonm, “Sila a se Pitit Gason byenneme Mwen an.” Li te voye Mesaj redanmsyon lagras la sou zèl yon Kolonm, ki vin vole desann soti nan Syèl la. “Lapè sou tè a, anvè lèzòm bòn volonte yo.” Sakrifis la te pare menm lè sa a; Li te elve, nourri, Ministè Li a te pare, yon Pawòl ki t ap rachte lemonn antye, “Li fini!”

119 Kolonm lan itilize nan Bib la kòm yon senbòl lapè, epi tou nasyon yo itilize li kòm yon senbòl lapè. Nou gen nasyon yo... Nasyon nou an reprezante pa yon èg. Epi gen lòt zwazo

lòt nasyon, Wòm gen yon èg, Almay gen yon èg; anpil nan yo, gwo zwazo nan syèl la. Men nan yo tout, kolonm lan senbolize lapè nan tout nasyon yo. Se yon bagay inivèsèl.

120 Menm jan Frè Green te di yon swa, Frè Pearry Green te di: "Senbòl rann tèt la se 'leve men ou'. Nenpòt peyi, leve men ou, se rann tèt ou." Li te di, "Lè w ap chante, leve men ou, ou rann tout bagay."

121 E kolonm lan se senbòl lapè nan tout peyi. Poukisa se konsa? Akoz dousè li, e akoz inosans li. Se rezon ki fè li se senbòl lapè.

122 Yon lòt bagay konsènan kolonm lan, se yon zwazo ki renmen lakay li. Li renmen rete lakay li.

123 Epi yon lòt bagay li ye, li toujou fidèl ak konpayon li. Kolonm lan, mal la oswa femèl la, pa janm kite youn lòt. Femèl sa a jwenn konpayon li nan sezon kwazman an. Ou wè, sa se yon konpleman nan gwo kreyasyon Bondye a. Se poutèt sa li te fè Èv yon sous-pwodwi. Ou wè? Si li te fèt tankou lòt femèl yo, lè lè a rive pou tan kwazman li, li ta jwenn konpayon li; men li te kapab nenpòt ki lè. Ou wè? Epi se fason sa a, se sa li ye. Mwen jis... Nou pa vle antre nan sa, paske mwen genyen l sou *Maryaj Ak Divòs*, e latriye. Epi ki jan sa... Men, poutan li onorab e li pote vèti sa a, e ou konnen ki jan mwen te preche sou li lòt jou swa. Trè byen, remake, li gen yon gwo responsablite.

124 Men kolonm lan toujou rete fidèl ak konpayon li. Toujou! Li pa janm kite l.

125 Epi m ka rete la jis pou yon minit, pou m di sa: yon vrè Lepouz, kolonm femèl, rete fidèl ak Konpayon li, tou. Li p ap enjekte okenn dògm, okenn doktrin denominasyonèl, anyen nan mond lan. L ap rete fidèl ak Konpayon li a, Pawòl la; toujou fidèl.

126 Epi, gras a konpòtman renmen lakay li sa a, ak konpòtman renmen lakay li a, yo te itilize l avèk siksè kòm yon pijon vwayajè. Paske li renmen lakay li, ou mèt lage l nenpòt kote, l ap toujou tounen lakay li. L ap tounen lakay li.

127 Nou ta renmen mete aksan sou sa yon ti tan, epi nou menm Kretyen n ap konprann sa m vle di. Li toujou jwenn wout pou l tounen lakay li, kifè donk yo te itilize l kòm pijon vwayajè. Yo te itilize l nan tan lagè, yo te konn abitye; yo toujou sèvi ak yo, pijon vwayajè pou pote yon mesaj. Kifè nou wè alò, sa fè de kolonm lan, alafwa pa Bondye epi lèzòm, yon mesaj; yon

kolonm se yon mesaj. Se te yon mesaj pou Noye, pou I te di Noe ke “gen lapè ankò.” Bondye te itilize I pou I fè konnen se Pitit Gason Li a, “Sakris pou pote lapè sou tè a ak lèzòm ki fè L plezi.” Li te itilize kòm yon mesaj.

128 Isit la menm mwen gen yon ti istwa nan tèt mwen, mwen te li yon fwa nan yon liv. Koulye a, mwen pa vle di sa a se sèten, li ka nan *Deklen Premye Gè Mondyal la*. Mwen pa fin sèten de sa kounye a; si nou pa wè I ladann, alò mwen fè erè. Swa ke m te li I nan yon liv ... sa gen anpil ane de sa. Men se sètènman yon—yon...reyèlman yon—yon bagay dramatik ki te pase a.

129 Sòlda Ameriken yo te kwense anba machin mitrayèt zam Alman yo, epi yo te nan yon jan de tranche. Noumenm sòlda yo, mwen devine, nou konprann ki jan yo te sou yon rekonesans yon kote. E yo te kwense, epi yo te jis gen yon ti kras nan minisyon yo ki te rete. Epi Alman yo t ap avanse an gwo inite, yo te enstale yo toupatou. Epi yo te konnen ke sof si yo ta jwenn kèk ranfòsman, kèk èd, yo tout t ap mouri byento; (yo te oblije) Alman yo t ap desann dwat sot sou mòn lan, yo t ap gade yo dwat nan kou yo, yo t ap dirije yo dwat sou yo konsa.

130 Epi youn nan yo te sonje ke li te gen yon ti maskòt, yon ti pijon. Kifè li te konnen ke pijon sa a, si I te kapab fè I soti la, li ta pote mesaj la nan katye jeneral prensipal la kote yo te estasyon. E kifè yo te chita epi yo te ekri yon nòt : “Nou kwense nan yon *sètèn* pozisyon nan yon *sètèn* zòn. Nou manke minisyon, nan kèk èdtan nou pral oblije rann tèt nou osinon yo pral masakre nou.” Epi yo te kole sa a, oswa yo te mare I nan pye ti kolonm sa a epi yo te lage I.

131 Bon, li se yon zwazo ki renmen lakay li, kidonk li... kisa li fè? Li tounen lakay li pou li... rankontre, jwenn konpayon li. Li te enkyete pou li, li te oblije tounen lakay li.

132 Epi pandan I t ap monte, Alman yo te wè sa ki te rive. Kifè bagay yo te fè, yo te kòmanse tire sou kolonm lan. E youn nan yo frape I ak yon machin mitrayèt kalib .30, oswa yon bal, li kase janm li. Yon lòt te rache yon gwo moso sot nan do I. Pwatrin li te brize sou tout wout la. Youn nan zèl li yo te enfim, yo te rache pwent lan ladann, epi li te vole sou kote. Men, li te kontinye monte, epi finalman li te arive. Enfim, blese, kase, kraze, men li tonbe nan kan an ak mesaj la. Se te yon gran kolonm.

133 Men, o, frè, Ezayi 53 pale nou de Youn, ki te desann sot nan Kay Li ak tout sa ki te bon.

E, *li te blese pou peche nou yo, li te brize pou inikite nou yo: Chatiman ki te pou lapè nou an te tonbe sou li; ak blesi li yo nou te geri.*

134 Maladi, sipèstisyon, ak move lespri yo te kwense nou, pa t gen okenn fason pou sòti, legliz la t ale mal, yo te ale nan bagay denominasyon (epi Farizyen yo, Sadiseyen yo, ak lave chodyè yo ak kasròl yo), epi Pawòl Bondye a vin pa gen okenn efè. Men ti Kolonm sa a te desann, epi te gen yon sèl bagay ki te kapab rive: te dwe gen yon Redanmtè.

135 Men antan Li te blese, brize, bat, dechire, men Li te konnen wout Li pou tounen Lakay li. Kidonk depi sou kwa Kalvè a kote yo te kraze L la, brize L, dechire L, tankou yon bann lou sou Li, Li te vole soti nan Kalvè e Li te atèri nan pòt Syèl la, Li di: “Se fini! Se fini! Yo lib! Maladi ka geri kounye a! Pechè yo ka sove! Yo ka libere prizonnye a!”

136 Menm si Li te brize e Li te blese, gran batay sa la lè menm tout bagay te kont Li... Menm powèt la te rele:

Nan mitan wòch ki fann yo ak syèl yo ki fè nwa,

Sovè m nan bese tèt Li epi Li mouri;

Men vwal la louvri devwale wout la

Pou mennen nan lajwa Syèl la ak jou san fen.

137 Mwen te soufri nè tout lavi mwen. Kòm yon ti gason te gen yon bagay ki te frape m, ki fè m pè, sou chak sèt ane sa te rive m. Frè Jack sonje lè m te fèk kòmanse, mwen te soti nan chan travay la pandan yon lane; yon bagay te jis rive.

138 Mwen sonje jou ke Juanita Hemphill...Mwen panse ke li rele Juanita Kelly kounye a, li te marye ak Frè Kelly apre lanmò mari li. Anna Jeanne, mwen gen foto yo ak bagay sa yo, yo te tankou...Epi li...Epi de fi yo ak Sè Moore te gen yon—yon ti trio. Yo chante chante sa a ke mwen pa janm bliye: *Gade Pi Lwen Kote Solèy La Kouche* A. Frè Jack, ou sonje, mwen devine, ou t ap soti Florid. Ala yo te bon ti fi.

139 Epi mwen sonje maten sa a, yon ti gwoup Pannkotis ki te soti isit la nan pati nò peyi a, yon kote nan Michigan, tifi sa yo te kanpe la lè Frè Hooper...Mwen te wè l la lòt jou swa a, mwen...li gendwa pa la kounye a, Frè Ed Hooper. Ou la, frè Ed? Mwen pa panse ke li... Li te isit la lòt jou swa. Okenn... Anpil nan nou konnen l. Li menm avè m, ak Frè Hooley, nou t ap

pati. Epi tifi sa yo ki te kanpe la nan kwen an ap chante sa, te ban nou, chak, yon wòz jòn ke yo te retire nan cheve yo. (Se kote sa manyak sa a te geri la, gwo bagay te fèt.)

140 Lè m te monte sou wout la jis osi kontan ke m te ka kontan, toudenkou sa te frape m; yon lane pita anvan mwen te antre nan chan travay la ankò, sa jis te mete m nèt atè.

141 Depi mwen te piti, mwen te toujou di mwen pa konnen kisa yon vizyon ye. Lè m te yon ti gason, mwen te toujou di : "Si mwen—si mwen ta sèlman tonbe nan youn nan trans sa yo, epi mwen wè sa, mwen ta geri." Lè sa a...Mwen te toujou vle ale nan Mayo pou chèche konnen kisa ki mal. Doktè ki la yo...

142 M te vin santi yon asid nan lestomak mwen; epi o, la la! Frè Jack te ede m fè kèk travay nan kay la. Mwen t ap mache ozalantou kay la; epi te gen jis yon likid cho epi gra, ki te vòltije sot nan bouch mwen. Epi mwen te mache vin sou chè a, epi priye pou moun ki te de fwa pi mal, e yo te geri. Mwen te fè yo poze men m sou yon nonm ki gen yon kansè nan figi l, epi kansè a te kite figi l, antan l te kanpe la; epi mwen te tèlman malad mwen pa t kapab kanpe.

143 Epi nou pa konnen sa m te souffri; jis presyon mantal. Chak sètan li vini, tout lavi mwen. Se la mwen ye kounye a, sèt uit.

144 Kifè mwen te—mwen te tèlman nan lapenn; Mwen kriye, mwen sipliye, mwen enpire.

145 Epi mwen sonje lè finalman mwen te panse mwen te gen ase lajan pou m t ale kay Mayos pou yon egzamen; yo di: "Yo pral jwenn ki pwoblèm ou genyen." Madanm mwen ak mwenmenm, ak Becky tounen la ... Sarah te toupiti. Mwen te fèk antre nan ministè gerizon mwen an. Epi nou t ale kay Mayos.

146 Mwen te pase nan klinik la. Epi lannwit lan anvan mwen t al jwenn ... mwen te gen egzamen final mwen yo nan denmen maten, mwen jis leve epi mwen te chita la sou kabann lan ap gade ozalantou. Epi mwen te gade deyò devan m, epi te gen yon ti gason, li te jis sanble tankou mwen, apeprè sètan; epi m te gade l, epi se te mwen menm. Epi li te kanpe bò yon vye pye bwa. E sou pye bwa sa...

147 Nenpòt nan nou chasè ekirèy konnen ou ka fwote yon baton depi anwo jouk anba sou yon pye bwa konsa, epi l ap fè yon ekirèy pè epi kouri soti si li nan twou pye bwa a.

148 Epi m t ap gade kote ekirèy sa a te ye, epi m te panse : “Ki jan de ekirèy sa a ye?” epi mwen te fwote pye bwa a. E lè m te fè sa, mwen te voye je m gade epi se te mwen lè sa a, a trantuitan, ti gason an te disparèt. Kifè mwen te fwote branch sa a, epi nan twou pye bwa a, nan poto a, yon ti ekirèy apeprè longè sa te soti, fonsè, prèske nwa, e se te kòm si te gen ti kouran elektrik ki t ap vòltije soti sou li; ti je l yo te tankou pèl, bagay ki pi mechan ke m te janm wè, li te sanble ak yon belèt plis pase yon ekirèy.

149 Epi li te gade m drèt. Epi mwen te louvri bouch mwen pou m di: “Ebyen...” Epi lè m te fè sa, li... Anvan ou te ka bat je w, li te vole drèt nan bouch mwen, li te desann nan lestomak mwen, epi li te jis dechire m an miyèt moso. Epi pandan m t ap soti nan vizyon an, ak men m anlè, m ap gade, m te pran kriye: “O Bondye, gen pitye! Sa ap touye m!”

150 Mwen tande yon Vwa ki soti byen fon nan chanm lan, ki di: “Sonje byen, li fè sèlman sis pous nan longè.”

151 Konbyen moun ki tande istwa sa a? Mwen te di nou sa anpil fwa, moun ki alantou tabènak la.

152 Ebyen, sa te kontinye konsa, m t ap souffri menm jan an.

153 Frè Mayo, nan demen, te egzamine m. Li te di: “Papa w se te yon llandè, li te konn bwè. Manman w se te yon mwatye Endyèn, sa fè de ou prèske yon metis. Kifè, ou pral... ou se—ou se—ou jis gen nè w yo tèlman magane jiskaske ou p ap janm soti ladann.” Li te di: “Sinon, ou an sante. Men sa, se yon bagay nan nivo nanm ke moun pa ka kontwole. Li di: “Ou pral...” Li di, “Lè yon moun mouri, nou pa ka analize sa, paske nanm li pati.” Li te di : “Ebyen, ou p ap janm geri de sa.”

154 Epi mesye sa a te di, ansyen doktè mwen an, te di: “Papa m te genyen l, li te mouri nan anvivon katrevensenk, katrevendis lane,” yon kote konsa apeprè, li te di. Epi li di: “Yon mwa osinon de mwa anvan li mouri, mwen te egzamine l; li te gen sa pandan tout lavi li, li te gen,” li te di, “peryòd li.”

155 “Gen kèk moun,” yo di, “ki gen sa, yo gen gwo kolè”; yo di, “se kalite sa a ki ta ka touye w.” Li te di, “Lòt kalite yo, tankou fanm ki gen menopoz yo, yo kriye. Ou gen yon kalite oumenm ki yon jan de sansasyon fatig.” Li di : “Ansyen yo te konn di 'ou gen chagren,' li pa t janm kite yo.” Li te di: “Lè sa frape w, lestomak ou vin gen yon asid ladann; ou jis santi w trè mal.”

156 Mwen di: "Men, mesye, mwen pa fè anyen." Mwen di: "Mwen kontan."

157 Li di: "Se vre. Sa jis fè pati nan sak kado imen an." Li di: "W ap toujou genyen l." O, ala yon bagay dekourajan!

158 Men pawòl sa yo, pou panse a sa: "Sonje, li fè sèlman sis pous nan longè," t ap pouswiv mwen, jan chè madanm mwen an la ka di nou. Ane apre ane, mwen te panse a sa.

159 Epi, pandan m ta pral a letranje dènyè fwa sa, m te...anvan. Ebyen, m te retounen lakay, e m te nan yon vwayaj chas ekirèy. M te soti nan machin nan ak frè Banks Wood, k ap tandè nou aswè a, e m te kòmanse kouri al sou tèt kolin lan, e w ta di kè m ta pral soti kite pwatrin mwen.

160 E m te mande Doktè Sam Adair, m te di, "Kisa k fè sa?"

161 Li te di, "pwochè fwa sa rive w, fè yon kadyogram."

162 M te di, "Trè byen."

163 Donk sa te rive ankò lòt--lòt lane apre a, e m t al fè yon kadyogram. Li te di, "Pa gen okenn anòmali ak kè w," li te di, "ou jis enkyè." Sa te kòmanse rive lè sa.

164 Ebyen, yon lòt doktè te di m, yon bon zanmi m, te di, "Se kè w, gason m," te di "Ou dwe fè atansyon." Se lane ke m te rele Frè Moore e li te jwenn yon moun pou preche nan plas mwen, lè m te pati al chase belye ak Frè Fred. M te ale sou tèt montay yo menm jan m te konn fè sa lè m te gen sèzan, kilomèt apre kilomèt, a la kous; sa pa t deranje m yon tikras. Ou wè?

165 M te retounen e m te di Sam sa. Li te di, "Ebyen, gen yon bagay ki pa mache byen, ou dwe fè atansyon."

166 Answit m te gen vizyon yon doktè aje ki kanpe ak...ansyen doktè ak plizyè stetoskòp sou bra l. Li te di... li te kanpe devan m yon jou, li te di, "Piga w kite yo di w ke se 'kè w,' se lestomak ou."

167 Alò, m--m te panse, "Ebyen, m pral jis pran pawòl sa, paske se te yon vizyon. Konsa menm."

168 M te kòmanse prepare pou Lafrik, m t ap pran kèk vaksen. M te oblije pran anpil vaksen anvan m ale an Afrik, se lalwa. Donk, lè m t ap pran vaksen sa yo te di, "Poukisa nou paka jwenn yon sèl bagay ki pa mache avèk ou." Li te di, "Emoglobin ou, san w a 96%, li a 96%."

Li te di, “Si w te gen sèzan, sa pa t ap miyò.” E l te di, “Ase anfòm pou w goumen pandan santan. Poumon w yo, tout bagay,” Li te di, “Ou kòrèk; pa gen pwoblèm sik, anyen.”

169 M te di, “Mèsi.” Alò m te pase yon tès fizik, e m te pote...kanè sante m bay konsèy la.

170 Alò, li te di, “Èske w konn on bagay sou sa?”

171 M te di, “Anyen sinon egrè lestomak tout tan.”

172 Li te di, “Ebyen m pral di w li.” Li te di...

173 M te di, “O, m te fè egzamen. M t ale lakay Frè Mayo yo, e toupatou.”

174 Li te di, “Men tann yon minit.” Li te di, “Pafwa, yon ilsè si tèlman piti ke menm manje ak baryòm pap ka montre l; e pafwa li twò gro pou l parèt, paske yon radyografi se jis yon lonbraj. E yon ti ilsè, ou paka wè l, li pap kole ase, yon pakèt ti ilsè kole ansanm ta ka fè sa.” Li te di, “M konn yon vye doktè isit la ki dekouvri yon enstriman, yo genyen l kounye a; yo ka fè w dòmi ak on tikras sodyòm pentotal, yo mete yon tib nan gòj ou, e y al gade tou senpleman nan lestomak ou pou wè kisa ki pa mache byen.” Li te di, “Li...” Li te di. “Se tip moun sa ou ye, li se yon kretyen.” li te di, “Poukisa w pa al wè l?”

175 M te pran non l, “Doktè Van Ravensworth. Kidonk, lè m te retounen, m t al wè vye doktè sa. O, se yon bon vyeya ki soti an End oryantal Neyèlandèz. End oryantal Neyèlandèz, li sot nan yon gran liye misyonè. E li te tandè pale de mwen e li te li liv mwen an, e o, li jis ban m lanmen, li te di, “Frè Branham, m ta p kontan fè sa pou ou.” Li te di, “M pral di w sa w dwe fè, semèn pwochèn w ap vin lopital isit la,” e li te di, “Rele m anvan w pati.” E li te di, “M dwe ba w yon ti enjeksyon pentotal.” E li te di, “E lè m fè sa,” Li te di “Sa fè w dòmi pandan senk minit.’,

176 Ti pitit fi m nan te pran l pou l ka fè yo rache yon dan l, ak ti pitit fi Frè Norman. “Yon somèy ki dire senk minit,” M te di tèt mwen, “Sa pa p deranje m.” Alò, m te panse ke m t ap satisfè nan moman sa, pou m tcheke sa.

177 Epi nan demen maten, m leve nan kabann e m gade ozalantou, m gade nan kabann yon plas sa; madanm mwen te kouche laba a, li pa t ko leve. E m t ap gade nan fenèt la gran montay Catalina kote m ap viv la, e m te gade anlè a kote Zanj Senyè a te mete epe sa nan menm, kote sèt zanj yo ke w wè sou imaj la te parèt, gwo bagay te pase.

178 E m te gade, e pandan ke m t ap gade, m te kanpe la bò pyebwa sa yon lòt fwa ankò, jis la kote ekirèy la te ye a. M te gade anwo, m te panse, “Sa se refij ekirèy sa.” E m te panse,

“M ap mande m si l toujou anwo a?” tankou nan vizyon an. M raze kote pyebwa. Li te soti. E anvan menm ke m te gen yon chans pou m bat je m...se te ekirèy ki pi etranj ke m te janm wè; bon, ou dwe konn ministè m nan pou konn senbòl sa yo e bagay sa yo. Li te sote sou mwen men li te manke m; li te rate bouch mwen, li te frape m sou pwatrin mwen e li te tonbe.

179 E menm kote l te fè sa, m te tande Yon Bagay di, “Ale nan montay Catalina yo.”

180 Alò m te vire, e m te di, “Meda, ou reveye, Cheri?” E m te reveye l.

181 Li te di, “Sa k pase?” Li te apeprè senkè di maten.

182 M te di, “M t ap gade pa bò isit la, e m te wè ekirèy sa ankò, Cheri.”

183 “Ki ekirèy?”

184 M te di, “Sa m te wè klinik Mayo a.” M te di, “Ou konn yon bagay? Li te rate bouch mwen fwa sa, li pa t menm touche m, li te ale sou pwatrin mwen.” M te di, “Louwanj pou Bondye! M te gade, O, depi m te yon jenn ti gason, m te gen dezi wè sa fèt. Si jamè m te kab wè sa rive, pa menm...Anvan ke m te konnen kisa yon vizyon te ye, si m te ka wè sa rive, alò m te di, M t ap kòrèk. Pe enpòt sa l di m nan, se sa m va ye. E pandan karantan, m te chache sa, e la sa te rive.

185 Anvan, lè m te nan klinik Mayo a, nan menm moman m te anwo a lè yo te ban m mesaj sa, epi m te wè vizyon an...

186 Vye manman m te pati ale nan lagwa kounye a, yon madanm trè etranj. Li te fè anviwon twa a kat rèv nan vi l, e yo te toujou vrè. E li te konn di m, e...Li te komanse ap di m... m t ap di, “Kanpe jis... Manman. M pral di w kisa rèv la ye.” Ou wè?

187 Paske lè w ban m yon rèv pou m entèprete, ou pa toujou di m egzakteman sa l ye. Answit lè m rewè l, m wè egzakteman sa w te reve a, kidonk li te di m sa l ye. Ou wè? Ou pa bezwen di m sa rèv la ye, Li montre m li...Li-menm. Ou wè? Answit m wè l, m di, “ebyen, ou pa t di m *sesi* e ou pa t di m *se la*.” Ou wè? Kifè yon Bondye ki kapab entèprete yon rèv, kapab montre yon rèv; li kapab montre youn, li kapab entèprete l. Kidonk lè sa...

188 Ebyen, pa t gen yon bagay konsa nan Bib la, ki di, “Si w kapab...” M--M ...sa jis vini m a lespri. Daniel, se pa vre? Non, Joseph-Joseph. Ebyen, se kèkpa nan Bib la. M jis sonje sa, m te di, “si w ka montre m...Si w ka di m sa yon...” O se wa Nebuchadnezzar, se sa. Te di, “Si w kapab... “Si w pa kapab....”

189 Majisyen yo te di, “rakonte m rèv la.”

190 Li te di, “M paka raple m.” Se vre, sa, mwen sonje sa; m jis te panse a sa nan moman sa.

191 Kounye a, remake. E manman m, li te di, “Billy,” lè mwen te retounen, li te di, “Vini pitit gason m, chita.” Li te di, “M te fè yon rèv etranj. M reve ke w te kouche, malad, jis sou pyen mouri, avèk lestoma ou kòm dabitid.” Konbyen rejim li te prepare pou mwen! E li te di, “ou t ap konstwi yon kay sou yon kolin.” E li te, “M te wè sis kolonb blan desann sot nan syèl la, ap woukoule, sou fòm lèt ‘S’ e yo te poze sou pwatrin ou. E w t ap gade, sa ki te devan t ap eseye di w yon bagay.” Li te di, “Se te vrèman kolonb blan epi briyan. E yo te pran ti tèt yo e yo te poze l sou machwè w, e yo t ap fè, ‘kou, kou, kou.” E li te di, “M pa t konprann.” Li te di, “Yo te jis kontinye, ‘kou, kou, kou.’

192 M te di, “O, m konprann, louwanj pou Seyè a!” E li di, “Yo te fòme lèt ‘S’ yo a ankò e yo te retounen nan syèl pandan , ap woukoule ‘kou, kou, kou,” t ap woukoule, retounen lakay yo.”

193 Ebyen, ti bèt ke m te wè a te fè 15 santimèt longè. Kolonn kolonb manman m te wè yo te sis, sis se yon nonb enkonplè. M te konnen yon jou ke m t ap wè setyèm lan. Se te lòm, k ap souffri, e ankò e ankò sa te ale.

194 Jou maten sa, m te leve aprè ke m te wè vizyon sa, M te obeyi a Seyè a. M te mennen ti gason m nan, Joseph, lekòl. L ap tandè m kounye a, nan Tucson. M te mennen l lekòl, e m te di Meda ke m pa t konn kilè m t ap retounen.

195 E m te pati al Catalina, nan kavèn yo, em-e m te ale kote Zanj Seyè a te mete Epe a nan menm lan. Byen bonè; e m te kòmanse grenpe montay la.

196 Ebyen, olye pou m monte sou somè a nan direksyon sa (kote ki gen anpil sèpan, eskòpyon, ou konn kijan Arizona ye), m te tounen a dwat; Yon bagay te di, “Tounen a dwat.” M te ale lwen nan pik yo; m te fè letou, e m te fè letou gwo kokenn chenn woche sa yo, plizyè fwa pi gwo ke tabènak sa, te etann yo sou somè sa yo kote trè ra moun ka atenn.

197 E vè onzè, m t ale nan yon ti kav, dèyè kote kèk...yon ti plas ki vire *konsa* sou yon ti santye pou sèf yo. E m te retire chemiz mwen, chapo m nan men m, paske m te jis ap degouline ak swe. Kidonk m te vire la, e lè m te retounen nan kav sa, m te santi prezans Seyè a . M te retire chapo m pou gade ozalantou.

M te panse, “Li isit la kèkpa. M te konnen L la.”

M te panse , “Kisa sa ye?” M fè kèk pa an plis. M te di, “Seyè, Ou isit la kèkpa)

198 E m te gade sou chemen an, e te gen ti ekirèy sa; li te sote sou yon bagay men li te manke l, e li te tonbe sou yon pakèt pikan cholla (se yon espès kaktis ki ka sote) Sa te travè se tèt li, pwatrin li, lestomak li, e li te mouri. Ti ekirey ak aparans etranj sa, li te rate bouch mwen e li te frape yon pakèt pikan cholla. E vwa Seyè a te di, “enmi w la mouri.” M te kanpe la, e m t ap tranble. M pran pye m ak ...

199 Dabitid, kòbo yo t ap gentan manje l. M te touye yon sèpan, kèk jou apre sa, li te rete anviwon trant minit. Toujou gen kòbo ak èg ki pase la, e yo t ap ramase l touswit. M te touye yon sèpan koray, se sèpan ki pi danjere ke nou genyen, li te jis etann bò kote m nan, kèk jou apre sa. M te kòmanse retounen pou m ramase l epi montre l. kòbo yo te gentan pran l, kòbo yo pase sou li.

200 E sa te etann la depi m te wè vizyon an, de jou anvan sa; m kwè se te nan samdi, e m t al anwo a lundì. Kifè li te la, blayi, mouri. M te kraze l ak pye m.

201 M fè letou, m te poze ankò, m te kriye you ti bout tan e m te priye. M t ap gade Tuckson, plizyè kilomèt pi ba.

202 M te vire et m te retounen, li te la toujou. Lè m te antre nan kav sa, Lespri Bondye te vin sou mwen ankò.

203 M te kontinye fè letou a kote, m te desann montay la. M te rantre epi m te di madanm mwen, m te di, “Cheri, m pa konn kijan, men m ap jwenn yon solisyon.”

204 Doktè Ravensworth, lè li te fè m pase egzamen an, li te di, “Li totalman enposib pou ale byen.” Li te fè m yon enjeksyon pentotal ki te dwe dire senk minit, e m te dòmi dizèdtan. Kifè bagay sa, menm yon aspirin t ap jis mete m k.o. Konsa yo...li te fè m yon piki, mete tib sa nan gòj mwen. Lè m reprann lespri m, e ke l te di m nan demen maten, li te di, “Reveran, m deteste di w sa, men,” li te di, “kòf lestomak ou tèlman rèd, yo deseche.” M pa t janm wè sa; li te itilize non *gastrit*, e m t al chèche l nan diksyonè e sa vle di, “yon bagay ki deseche.” E l te di, “Ou pa ka retabli de sa.” Li te di, “W ap toujou genyen l.” E m t ap yon nonm dekouraje si pa t gen vizyon Seyè a.

205 E nan demen, Yon Bagay te di, “retounen sou montay la.”

206 E jou sa, olye m ale nan yon sans, m te kondwi pou m ale nan yon lòt chemen. E m te kanpe la, e m t ap gade, te gen yon ti kolonb ki te poze devan m nan, ki t ap gade m. M frote je m e m te di, “se sètènman yon vizyon.” M te gade, e m te di, “Ti kolonb, kote w soti?” Toutosi blan ke bèl, se te ka yon pijon; pe enpòt kisa l te ye, lwen nan dezè sa.

207 Bondye Toupwisan, Ki te resisite Jezikri nan lanmò. Sèvitè L mwen ye, e Pawòl Li poze devan m, louveri devan m, m konnen m di nou laverite e m pa p bay manti.

208 Kolonb la te la, poze la, li t ap gade m. M fè kèk ti pa, m te panse, “Sètènman, se yon vizyon.” M vire tèt mwen, m gade dèyè, e l te la, ti zèl blanch li yo, osi blan ke nèj, ti pat jòn li yo; e ti bèk jòn li; poze la ap gade m. Li t ap gade dwat nan direksyon lwès. M mache alantou l *konsa*, m pa t ap touche l pou anyen. M kontinye mache sou santye a, m gade dèyè, e l te toujou la ap gade m.

209 Frè, an tan ke pitit Abraham, m pa konsidere sa doktè a te di, m ap retabli, de tout fason!

210 Twazyèm jou kote m te tounen an, grenpe anwo. E anpil nan nou konnen vizyon chèf endyen ki t ap galope sou ti mi sa nan direksyon lwès. Yon bagay te atire m bò kote yon gwo woche, a midi, e li te di m, “Poze men w kont woche sa epi priye.” Bondye nan syèl la konnen ke se vre.

211 M poze menm kont woche a e m te gade vè syèl la e m te kòmanse priye. M te tandè yon Vwa ki te soti anlè tèt woche a ki t ap di, “Sou kisa w apiye w, sou kè w?” E m te redrese m konsa, zepòl mwen toutouni; tòt ni, te fè cho. M te gade dèyè. E sa te ekri nan wòch, kwatz la, “Èg blan,” jis egzakteman sa vizyon an te di ke Mesaj la t ap vini pa li a.

212 M te tèlman eksite ke m te kouri al lakay la, m pran yon aparèy foto e m te retounen nan demen. Jou apre a, m pran foto a. Li te toujou la, ekri nan wòch la’ “Èg blan.” (kolonb la k ap mennèn èg la.)

213 De tout fason, mwen--mwen konnen. M ta pral di w li anvan sa rive. Doktè a se yon bon doktè...bon doktè, san okenn dout; m panse ke se yon nonm de byen. Men m konnen ke m ta pral geri. Se te fini! Se fini, e m pral retabli.

214 E m te panse alò ke Ernie t ap chante chan sa talè a, Sou Zèl Yon Kolonb. Kòman melodi chante sa pati? Kòmanse l pou mwen, Ernie.

...zèl...kolonb blanch kou nèj, (chante avè m)

Bondye voye lanmou L dous e pi,

Se te yon siy soti nan syèl,

Sou zèl yon kolonb

215 M aprann ke Ernie te fè de kouplè. M ap fè yon twazyèm pou nou.

Noye t ap derive

Sou flo dlo plizyè jou,

Ap chche yon tè,

De divès mannyè;

Pwoblèm, li te gen kèk

Men yo pa t sot anwo,

Bondye te ba l siy pa L

Se sou zèl yon kolonb.

Sou zèl yon kolonb blan kou nèj,

Bondye voye lanmou L dous e pi,

Se te yon siy anwo,

Sou zèl yon kolonb.

Jezi, sovè pa nou

Yon jou vin sou tè a;

Te sot nan etab la,

Nan manjwa pay pou bèt,

Menm si yo rejete l,

Men sa pa t soti anwo,

Bondye te bannou siy Li

Sou zèl yon kolonb.

Sou zèl yon kolonb blan kou nèj,

Bondye te voye lanmou L dous e pi,

O, yon siy syèl la, Sou zèl yon kolonb

Byenke m te soufri

De plizyè mannyè,

M kriye pou jwenn gerizon

Jounen kou lannwit;

Men yo pa t bliye fwa

Pa Papa ki anwo a la,

Li te ban m siy Li a

Sou zèl yon kolonb.

Sou zèl yon kolonb blanch tankou nèj,

Bondye te voye lanmou L dous e pi,

O, yon siy syèl la,

Sou zèl yon kolonb

216 Bondye Byenneme, m remèsye W pou tout bagay sa yo, Papa. Ou te bay Noye siy la, Ou bay mond lan siy la, e Ou ban m yon siy. E jou apre a, lè m te wè èg sa vole, O Bondye, gen yon Mesaj k ap manifeste l kounye a, e m priye Bondye, ke W kite kolonb la gide nou. Akòde l, Seyè. Sa kondwi m a on fwa m potko janm genyen anvan. M konnen, Bondye, m konnen ke tout bagay pral byen. Alò, m remèsye w pou sa, Papa.

217 E, aswè a, fè desann Mesaj Ou a de nouvo, Seyè, sou zèl Kolonb Pawòl la. Akòde l, Pè Selès Byenneme. E chak moun ki pase estrad la, aswè a, e laba nan reyinyon yo atravè peyi a, ke gran Kolonb lafwa tonbe nan kè yo e ba yo lafwa, Seyè, pou gerizon yo. Sonje ke Bondye pa gen pati pri. Li te ka voye Mesaj la pou Noye, li te ka voye L pou Jean Baptiste, li te ka voye L pou mwen, li te ka voye L pou yon lòt.

218 M priye pou ke Kolonb sa vole nan chak kè nan moman sa, avèk ti bèk dore l, e ke l di dousman, “Pa mètrisi...Pa blesi M yo ak mètrisi M yo nou geri.” Bondye, akòde nou ke transgresyon nou yo pral efase, ke inikite nou yo pral padone, e ke maladi nou yo pral geri. Sa nan men W, Papa, lan Non Jezikri. Amèn.

Avèk tèt nou bese yon lòt minit ankò.

219 Konbyen isit la ki ta renmen di, si nou kapab epi vle di: “Frè Branham, mwen te an tò tout vi m. M te vle sèvi Bondye, men aswè a, m pare pou m abandone tèt mwen. Priye Bondye, ke Kolonb sa a vole nan kè m aswè a. M ka santi L kap bat zèl Li pandan Lap antre”? Èske nou vle leve men nou? Isit la nan oditwa vizib la, o la la, toupatou nan batiman an.

220 Nan tout oditwa yo atravè peyi a, o nò kay Frè Hunt epi Frè Coleman, jiska Frè Leo epi lòt yo, o sid a Tucson, jiska Branham Tabènak, atravè Kot Wès la, tout kote leve men nou: “M vle ke Kolonb la vole nan kè mwen aswè a. Pote ban mwen lanmou Bondye ki dous sou zèl on kolonb blan tankou nèj, Sentespri a. Pote L ban mwen, aswè a, Seyè, epi vèsè lafwa ke m bezwen nan kè mwen.”

221 Nan Non Jezikri, m priye, Bondye, padone peche nou yo. Kolonb lan ki blese te pot Mesaj la tounen, O Bondye: “Se fini!” Nou kwè sa. Nou priye, jis ban nou lafwa pou n kwè L. Nan Non Jezi. Amèn.

Sou zèl yon kolonb blan kou nèj,
Bondye te voye desann lanmou pi Li, dous,
Te yon siy ki sot anwo,
Sou zèl yon kolonb.

222 Ki kote kolonb sa a ta soti? M pa konnen. Li tap sot la a nan dezè sa a kon sa. Non, non! Non, li tap la a. E poukisa l te blan? Papa ki nan Syèl la konnen li te blan tankou chemiz mwen an. Men l chita la a.

Men se te sou zèl yon kolonb blan kou nèj,
Bondye te voye desann lanmou pi Li, dous,
O, on siy ki sot anwo,
Sou zèl yon kolonb.

Sou zèl yon kolonb blan kou nèj,
Bondye te voye desann lanmou pi Li, dous,
O, on siy ki sot anwo,
Sou zèl yon kolonb.

223 O, èske n pa santi n vrèman enb? Ann jis bay youn lòt lanmen, epi chante l.

Sou zèl yon kolonb blan kou nèj,
Bondye te voye desann lanmou pi Li, dous,
Yon siy ki sot anwo,
Sou zèl yon kolonb.

224 Ann leve men nou ba *Li*, epi chante l.

Sou zèl yon kolonb blan kou nèj,
Bondye te voye desann lanmou pi Li, dous,
Yon siy ki sot anwo,
Sou zèl yon kolonb.

Noye te navige
Sou delij la plizyè jou,
Li te chache pou tè,
Nan diferan fason;
Li te gen kèk pwoblèm,
Men ki pat sot anwo,
Bondye te voye desann siy Li
Sou zèl yon kolonb.

Sou zèl yon kolonb blan kou nèj,
Bondye te voye desann lanmou pi Li, dous,
O, yon siy ki sot anwo,
Sou zèl yon kolonb.

Jezi, Sovè nou
Te vin sou latè yon jou;
Te fèt nan yon etab;
Nan on manjwa pay;
Menm si L te rejte isi a,
Men pa anwo,
Bondye te ban nou siy Li
Sou zèl yon kolonb.

Sou zèl yon kolonb blan kou nèj,
Bondye te voye desann lanmou pi Li, dous,
Yon siy ki sot anwo,
Sou zèl yon kolonb.

225 Poukisa, mwenmen yon vye granmoun, te souffri tout lavi m, poukisa L geri m kounye a? M kwè m ap monte sou pis sa a ankò, m dwe pote on Mesaj! Epi m di Papa m, aswè a, (tankou Junior te wè nan yon—yon sonj lòt nwit lan de zèl Kolonb sa a, kap deplase nan fenèt sa yo isi a), Seyè, sèvitè W pare pou sèvis. Amèn, M pare!

Sou zèl yon kolonb blan kou nèj,
Bondye te voye desann lanmou pi Li, dous,
O, yon siy ki sot anwo,
Sou zèl yon kolonb.

226 Ann kwè kounye a ke L ap deplase sou oditwa a.

Sou zèl yon blan kou nèj...(N ap tann, Seyè.)
Bondye te voye desann lanmou pi Li, dous,

Yon siy ki sot anwo,

Sou zèl yon kolonb.

227 Noumenm ki gen kat pou lapriyè, nan ale sa a isi a, avanse bò isi a; kanpe, avanse nan ale sa a isi a, bò chemen sa a.

Sou zèl yon kolonb blan kou nèj,

Bondye te voye desann lanmou pi Li, dous,

Yon siy ki sot anwo,

Sou zèl yon kolonb.

228 Sila yo ak kat pou lapriyè nan liy sa a, soti a gòch nou.

Sou zèl yon kolonb blan kou nèj,

Bondye te voye desann lanmou pi Li, dous,

Yon siy ki sot anwo,

Sou zèl yon kolonb.

229 Sila yo...[Pati blanch sou kasèt—Editè a.]

O, sou zèl yon kolonb blan kou nèj,

Bondye te voye desann lanmou pi Li, dous,

Yon siy ki sot anwo,

Sou zèl yon kolonb.

230 Ki kote kolonb lan te soti anwo la a nan dezè a? M ta di sa: Bondye te wè Abraham te bezwen yon belye pou on siy, Li se *Jehovah-jireh*, “Seyè a ka bay sakrifis la pou Tèt Li.” Pou panse a sa! Menm Bondye a, pa menm enspirasyon an, pa menm jan de pèp la, te voye on kolonb. Li toujou Bondye, *Jehovah-jireh* ka bay nenpòt kisa Li bezwen.

231 Èske w pap, jis pandan w ap vin nan liy priyè sa a kounye a, mande Bondye pou l reponn a bezwen w sou zèl Kolonb la? Kolonb la, Lespri Sentespri a, pou ba w lafwa nan kè w pou kwè ke w pral geri.

232 M ap eseye fè yo tout al sou pye yo, nou wè. M ap mande kounye a. Frè Brown lakay li. Frè Jack...Kisa w di? [Yon moun pale ak Frè Branham—Editè a.] Trè byen, bon. Seksyon

sa a isi a, vin nan chemen sa a an premye, ki aliyen an. Seksyon yo dèyè bò *isi a* tonbe dwat dèyè yo. Sa yo tonbe dwat dèyè zèl la. E *noumenm* tonbe dwat dèyè sa yo isi a, vini dwat nan viwonn lan pou yo priye pou nou.

233 Kounye a, m sèten sa pa pral yon liy ki rapid, nou jis pral pran on ti moman konsa nou ka vrèman priye youn pou lòt, otan ke n kapab.

234 Kounye a, m koupe mesaj mwen jis on tikal kout (e nou tout kapte sa, ou wè) konsa m te ka gen liy priye sa a. S on liy souvni nan lonè jou lè Frè Jack Moore, Frè Young Brown, madanm nou yo kite nou ale, e nou vin la a e n te soti al nan Kalifòni, epi nan tout Arizona (ansanm, atravè dezè a), epi te priye pou malad yo.

235 Nou konn kisa? Gen moun k ap viv jodi a ki t ap mouri lè sa a, e yo toujou vivan poutèt zèfò sa a. Kisa l te fè? Li te fè gerizon Divin parèt nan chak legliz ki gen nan peyi a, kounye a menm Presbiteryen e latrize. Yo...Li te fè yo pe bouch yo, paske sa te pran Bondye pou wenn on moun pou touye Goliath la, pou montre ke sa te ka fèt, alò rès nan yo te pran kouraj (se vre) epi te kontinye. Sa ka fèt ankò, paske L toujou voye lanmou L sou zèl yon Kolonb.

236 Kreyen, m vle nou koute. Si m ta kanpe isi a epi eseye site pou nou dè bagay sinatirèl ke m te wè menm nan dènye twa zan yo, m t ap isi a nan lè sa a samdi swa k ap vini an, ap pale avè nou. M pa menm pale tèlman de sa, paske li sonnen tankou se prèske enposib, men m di nou Laverite. Se egzakteman Laverite. N ap viv anba lidèchip Gran Jehovah Pwisan an, menm Lan ki te ak pwofèt yo nan Ansyen Testaman an, ak Legliz la nan Nouvo Testaman an, Li isi a jodi a ap pran yon Epouz sot nan Moun lòt Nasyon yo pou Non Li. Kwè Li! Èske n pa vle, pèp la? Si n te janm kwè L, kwè L kounye a menm. Se vre...M vle nou fè sa. Nou poko konn kisa k pral rive aswè a. Nou pa konn kisa k pral rive. Nou sou gwo atant, nap tann.

237 Tanpri, nan Non Seyè Jezi a, m mande nou antan ke sèvitè L. M konnen lè n an afè ak asanble, nou gen tout bagay ki melanje anndan la a. Men si nou kwè m antan ke sèvitè L, si g on ti tach dout (oswa *peche* se—se “dout, enkredilite”), si g on ti tach dout nan kè nou, mande Papa pou retire l touswit. Ou wè? “Seyè...” E alò lè nou vini ak lafwa otantik...Kounye a, men m pap vle di anyen sòf si Sa frappe nou an premye; alò lè l vini, sa pral limen l, n ap geri. Se vre, n ap konnen n ap geri. Ou wè, n ap kwè l.

238 Kounye a, m pral priye kounye a pou chak grenn nan nou. E kounye a... Lè n fè sa, nou mete men nou youn sou lòt tou, kidonk nou se...E priye pou moun nou gen men nou sou li a, apresa m pral mennen nou nan liy lan. Mete men nou sou moun ki avè nou nan liy lan.

239 Bondye byenneme, m—m pa konn okenn lòt fason pou m di bagay sa yo, Seyè. M jis konnen pou m di sa m konnen ki se Laverite, e Ou se temwen m aswè a, ke m ap di Laverite.

Lafwa m, Seyè, ak pwòp gerizon m nan lavni; m pa konn kilè, m pa konn kòman, m pa konprann li; men m kwè L, Seyè, ke m te resevwa siy ki sot anwo a. Setyèm kolonb sa a finalman rive isi a, setyèm pous la fini byento sou bèt la. Li fini!

240 Bondye, m vle sèvi pèp Ou a. Kidonk m priye, Bondye, ke W ap tèlman wenn nou aswè a ke kèlkeswa moun nou poze men nou sou yo, ke yo geri; pa paske se nou, men paske nap swiv kòmandman W. Ou te di: “Siy sa yo pral swiv sila yo ki kwè.” Seyè, ede m kwè, epi ede kè yo, pou yo kabann fondasyon lafwa a. E ke, ansanm, pou glwa Bondye, chak malad ak aflije nan bilding sa a (oswa bilding atravè peyi a) k ap obeyi kòmand sa yo kounye a, pral geri. Nan Non Jezikri, m mande I. Amèn.

241 Gen lafwa; nou tout, priye avè nou. Kounye a, se pa yon liy disèneman.

242 [Pati blanch sou kasèt—Editè a.] Depresyon, perèz, m konn kisa sa...[Sè a pale ak Frè Branham.] Pòv ti bagay, li te di li pat janm wè lapè nan lavi. Menm bagay ke m...Pa ka dòmi, sou nè, tansyon.

243 Bondye byenneme, rann mwen temwayaj, Seyè, ke m te di Laverite. Kijan m santi m pou ti madanm sa a! M priye, Bondye, ke W ap voye ba li, aswè a, filè lafwa sa a sot anwo ki konnen ke W gen obligasyon anvè Pawòl Ou, e ke W ap kenbe chak Pawòl. Ke Bondye ki nan Syèl la retire perèz sa a sot nan sè m. E m obeyi W pa poze men sou li epi kondane I. Nan Non Jezikri, ke I sot nan li. Amèn.

244 Kounye a, gade sè, ou kwè m kounye a, si w ka kòmanse apati de isi a menm, pre kwa a. Apati de aswè a, nye ke ou genyen I. Ou wè, kontinye ap di: “M pa genyen I ankò,” epi I ap kite w.

245 Sè Palmer. [Sè Palmer pale ak Frè Branham—Editè a.] Wi. Sè nou an, Sè Palmer; mari I se yon trè bon zanmi m, yon minis ki sot Georgia oswa Alabama, Georgia—Georgia. E li tap vini nan tabènak la... Lè m ap preche nan tabènak, yo kondwi de mil kat san kilomèt pou tandè yon sèl sèvis. Frè Palmer te pèdi kontwòl machin li, oswa ti gason an, youn nan yo, lè yo tap vire nan on kafou, e yo te g on aksidan. Li te gen sekèl.

Ann priye.

246 Bondye byenneme, delivre sèvitè Pa W lan sa a, ti madanm li, lwayal, fidèl, ti sèvitè nan Kris, m priye, Bondye, antan m poze men m sou li, ak Frè Jack Moore mwen an isi a, ke W va geri I epi fè I byen. Nan Non Jezi. Amèn.

Bondye beni w!...?...

247 Nan pye dwat la, e ou kanpe pou li? Ti pitit gason la enfim, li g on doulè nan vant li ak do l.

Ann priye.

248 Bondye byenneme, kite Kolonb blan kou nèj sa a plonje desann nan kè l jis kounye a: “Blese pou transgresyon nou yo, maspinen pou move zak nou, ak mak Li yo nou te geri.” M mande sa pou l konsa pou frè nou ak pou ti pitit gason l la, nan Non Jezikri. Amèn.

249 Gwo doulè maltèt, ak on maladi nan janm ki deranje l pandan l ap travay.

250 Bondye byenneme, akòde benediksyon gerizon W lan sou jenn gason sa a, antan noumenm kòm sèvitè Bondye nou poze men nou sou li. Nan Non Jezikri. Amèn.

251 Li g on pwoblèm dam, femèl, epitou li vle Batèm Sentespri a.

252 Bondye byenneme, antan m ofri nou priyè lafwa sa a pou ti dam sa a, ke pwoblèm fanm lan pati, ke Batèm Sentespri a vin sou zèl yon Kolonb, nan Non Jezikri. Amèn.

Bondye beni w, sè.

253 On mas nan je l, epi pou konpayon l renmen an.

254 Chè Bondye, Ou konnen kè lèzòm. M priye W Papa, nan Non Jezi, ke W va akòde rekèt sa a ke frè sa a te mande; e obeyisans nou pou Pawòl Ou de poze men sou li. Nan Non Jezikri. Amèn.

Bondye beni w, frè.

255 Li g on bagay kap grandi sou kote gòch li, epitou vwa l pa bon.

256 Bondye byenneme, m priye ke W va geri sè sa a; nan poze men sou li nan Non Jezikri, ke gerizon l va fèt. Amèn.

Bondye beni w, sè m.

257 Byensi, sè, m wè pwoblèm ou, manm ki anfle. [Sè a pale ak Frè Branham—Editè a.] Ren, blad pipi, ak cheviy ki deplase.

258 O Papa, Bondye, geri presye fanm sa a, Seyè, m priye, antan m poze men sou li nan Non Jezikri. Amèn.

259 Bondye beni w, sè; se fason sa a, l ap fèt.

260 Ou tande sa a, pa vre, sou mikwo a? Nenpòt moun nan... enjenyè a, si w ap fè l monte jis on ti kal, oditwa ka tande temwa-...oswa sa yo di lè yo pase. Lapriyè pou yo lè n tande l; lè m kòmanse priye, priye avè m.

261 Bondye byenneme, m priye pou sè nou an sa a, ke W ap geri l, Bondye byenneme. N ap fè sa a paske se kòmand Ou. Nan Non Jezikri. Amèn.

Beni w, sè.

262 Chè Bondye, Ou tande temwayaj sa a, Ou tande kisa lènmi te fè l. N ap eseye pran Non Jezi epi kale lènmi sa a; se sa l ye deja paske Kolonb ki blese, ki gen mak la, te tonbe nan planche Kay Bondye a ak on Mesaj: "Se fini!" Akòde l, ke l kwè sa, Papa, nan Non Jezi.

263 Chè Bondye, m priye ke W va geri sè nou an sa a. Ke Kolonb Bondye a temwaye ba li aswè a, ke l te fè l pou li, pou l te ka byen. Nan Non Jezi. Amèn.

264 Chè Bondye, m poze men m sou frè m ki kanpe isi a. Li te gen ase lafwa pou l vin lwen konsa, Seyè, kounye a ke l resevwa gerizon l epi al nan chèz li an byen. Nan Non Jezi.

265 Chè Bondye, m priye pou frè nou an, ap poze men sou li. Ede, chè Bondye, ke lafwa Bondye a ap plonje desann jis nan lè sa a; epi pou l tankou Abraham, rele bagay sa yo ki la a, kòm si yo pat—pat la a, paske Bondye te fè pwomès la. Nan Non Jezi. Amèn.

Bondye beni nou.

266 Chè Bondye, Ou se Sila a ki ka pran vrè desizyon an. M priye, chè Bondye, antan jenn dam sa a te mande pou sa, ke li resevwa l nan Non Jezikri. Amèn.

267 Chè Bondye, m poze men m sou sè nou an pou l sa obeyi a sa W te di fè. Sa a fè nou tounen plizyè ane dèyè, Seyè, depi n te f on liy priyè kon sa; men nou konnen kisa k te rive lè sa a, nou konnen Ou se menm Bondye a jodi a si moun yo ka gen menm lafwa jodi a. M priye nan Non Jezi pou gerizon sè nou an. Amèn.

268 Chè Bondye, m poze men m sou frè m isi a epi mande gerizon l, nan Non Jezikri. Amèn.

269 Papa, m mennen devan W aswè a sè nou an sa a, e poze men m sou li pou temwaye ke m kanpe kòm on temwen de fòs Ou, kanpe kòm on temwen de vizyon W yo, Pawòl Ou, e m s on temwen ke W se Bondye. E m poze men sou li nan obeyisans a Pawòl Bondye m lan, epi mande gerizon l. Amèn.

270 Chè Bondye, m poze men sou frè m menm jan an, kòm on temwen de fòs Ou, m mande gerizon l nan Non Jezikri. Amèn.

271 [Pati blanch sou kasèt—Editè a.] “Kisa?”

272 Li te di: “Gerisè a.” Li te di ke “Yon nonm ki sot anwo an on kote, anwo nan Arkansas, te geri maten an, on kòdonnye avèg.” Nou konn istwa an. Li te sou radyo a.

273 E m te di...M te panse...M te jwe wòl yon ipokrit. M te di: “Ou pa kwè se Laverite?”

274 Li te di: “Wi, mesye, m kwè.”

275 Epi m te di: “Èske w kwè jou jodi a Bondye te ka fè on bagay kon sa, alò ke...”

276 Li te di: “Mesye, m te koute pwogram relijiye an.” Li te di: “M s on Kreytè.” Li te di: “M te koute pwogram yo, m te tande nonm sa a anwo la a ki te geri maten an, kòdonnye soulye avèg sa a. Yo te mete l deyò nan legliz la, li tèlman tap fè anpil bri, yon legliz al nan on lòt. Ak chapo l sou on kàn, ap vire l tounen, ap kouri monte desann nan legliz yo, tout moun nan vil la, ap rele: ‘M geri! M geri!’ Yon kòdonnye soulye avèg.”

277 M te di: “Èske w kwè sa?”

278 E l te kanpe la a on ti kal, lapli te on jan ap farinen, li te di: “Mesye, si w fè m antre kote l ye a, alò m ap jwenn papa m.” Lè sa a m te santi m apeprè kon sa.

279 M te di: “Petèt m se sila w ap chache a.”

280 Li te di...li te atrap mwen pa revè manto an, li te di: “Se ou k Gerisè a?”

281 M di: “Non, sè, m se Frè Branham.”

282 Li di: “Gen pitye!”

M te panse a pòv vye Fanny Crosby avèg sa a: “Pandan W ap rele lòt, pa bliye m.” Ou wè, Li te geri youn, Li te ka geri l.

283 M mete men m sou je l, m di: “Chè Jezi, yon jou yon vye kwa robis vini ap frape lari a, zepòl yo ak san kap koule sou yo, ti kò frè l ki tap bwote l te tonbe anba chay la. Yon nonm nwa ki te rele Simon, de Cyrene, te vini epi te ranmase kwa a, te ede l pote l. M sèten Ou sonje l, Papa. E youn nan pitit li yo ap mache de bò isi a nan fènwa, m sèten W konprann.”

284 Li di: “Glwa pou Bondye! M ka wè!” En en.

285 M di: “Ou ka wè?”

286 Li di: “Wi, mesye.”

287 M di: “Konte limyè yo.” Epi l te konte yo. M di: “Ki koulè kostim ki sou mwen an?”

288 Li di: “Ou g on kostim gri sou ou, ak yon kravat jòn.” Se te sa, li te ka wè.

289 O, Bondye respekte imilite, En en.

*Sa nan limenm se sa ki pral fè, epi fè viktwa ekstraòdinè a rive nan Lanmou
Diven an.*

290 Chè Bondye, gen pitye epi geri sè m, nan Non Jezikri. Amèn.

291 Chè Bondye, antan m pran men fèb sa a, ki ride a, sèlman Oumenm ki konn kisa k te pase isi a. M priye, chè Bondye, ke menm men ke m gen aswè a ap sere tankou men fèb Simeon sa yo nan jou sa a, “Seyè, kite sèvitè W pati an pè, paske m wè kounye a sali Ou.” Se pou L vini sou li, Seyè, sali Ou, epi fè l byen nan Non Jezi. Amèn.

292 [Pati blanch sou kasèt—Editè a.] Nan *Pwosè A*, eben, Mesye Enkredilite te akize Jezikri. Nou sonke *Pwosè A*? Kijan ke... Yo te gen avoka yo—yo ak tout bagay, ak kimoun ki te kanpe pou kimoun. Epi nou te gen pwokirè lajistis la—la, Satan, ki ta pral pouswiv; kijan, pwosè te mennen.

293 Epi l te di, youn, Mesye Doutè, li monte, li di: “M te tande yon predikatè di: ‘Wenn malad la nan lwil, Bib lan di sa.’ M te wenn nan lwil, m pat geri. Lòt la te di: ‘Poze men sou malad la, yo va geri.’” Li tap eseye pouswiv.

294 Men lè temwen an avanse, men li: “Bondye te di yo, te di: ‘Nou tap...’” Li te di: “Sa te fè si mwa depi yo te poze men sou mwen, epi Pawòl Ou di ke ‘Poze men sou malad la epi y ap geri.’ E men te poze sou mwen pa youn nan sèvitè wen W yo, epi m pat geri poutan. Se poutèt sa, Ou s on fo moun kap pretann, paske Pawòl Ou pa vle di sa L di a.”

295 Kidonk lè temwen an vini, verite an se te sa, ke “Pawòl Li vrè. Li pat janm di *kilè* L tap fè l, Li te di: ‘Siy sa yo va swiv sila yo ki kwè; si yo poze men yo sou malad yo, yo va geri.’” Ou wè? Ou wè, se sa L te di: ‘Yo va geri.’ Kidonk ke li s on mirak ki jis rive dwat kon sa oswa kit se jis obeyi Bondye, sa depann de Li nan endividi an. Ou wè? Men si endividi an kwè L, m pa okipe konbyen tan sa pran. Li te di Abraham: ‘Ou pral g on bebe pou Sarah.’ Bebe an pa janm vini pandan vennsenk an. Li te di Noye ‘lapli ta pral’ tonbe. Noye te gen delij la...lach la—la te bati pou delij la, anpil, anpil lane anvan delij lan te vini, men li te konnen lapli ta pral tonbe. Bib lan te di: ‘Priyè lafwa va sove malad yo, e Bondye va leve yo kanpe.’ Kilè? Li pat di. Bondye jis, Li vrè, jis li kisa Pawòl Li di.”

296 Se sa m te fè aswè a, te poze men sou malad yo. Kounye a, m kwè chak grenn nan yo. Èske n kwè menm bagay la? Kounye a kwè pou moun ki aflije yo.

297 G on ti dam isi a, sanble tankou m ta dwe konnen, m te priye pou li yè swa, la a nan liy priye a. Ki non li? Chambers...Chambless. Si ti dam sa a tap viv—tap viv nòmalman, pat aflije, se sèten l tap yon bèl fanm. E li chita la a kounye a, ap tranble. Adorab, bon lespri nan fi a. E l chita la a ap tranble kon sa. O, kijan sa rache kè m. Kijan m te swete...jis kijan m ta!

298 Men on ti bebe, dam la chita isi a ap kenbe l. Ti lang li ap pandye, ti kò l aflije. E si se te ti Joseph mwen an? E si se te ti pitit gason m Paul? E si se te Rebekah ki chita dèyè la a, oswa Sarah? E si Madan Simpson isi a te madanm mwen Meda? Jenn gason sa a ki chita isi a te Billy Paul? Madanm granmoun sa a ki chita isi a te manman m? Sonje, se bebe yon moun, sè yon moun, pitit fi yon moun, ak pitit gason yon moun. Ou wè? M se frè yo, Li se Sovè nou. Tout sa m ka fè se...lafwa ke m genyen ofri nan non yo. Se tout sa m konnen.

299 Kounye a, Seyè an ka montre m on vizyon, Li te ka di m ki pwoblèm chak grenn nan yo. M ka pwouve nou sa, ou wè, nou konn sa. Men sa pa geri yo. Sa pa geri yo. Non, li dwe on bagay ki tonbe nan yo. Sa pa geri yo. Non, li dwe on bagay ki tonbe nan yo, ou wè. E m espere...

300 Tankou m te ka monte isi a pran chak nan nou epi batize nou nan Non Seyè Jezikri, sa pap padone peche nou yo. No, no! No, m pa kwè nan batèm dlo nan Non Jezikri nan rejenerasyon; m kwè San an se rejenerasyon, ou wè, pa—pa batèm la. Men, ou wè, m te ka batize epi batize, men ou sèlman desann yon pechè sèk, monte youn ki mouye; ou wè, jouk ou te repanti nèt ale. *Repanti*, epi apre batize nan Non Jezikri. Ou wè? E se kote m diferan ak mouvman Inite a. Pa batize pou rejenerasyon, non; m kwè se San an ki netwaye, pa dlo an. Ou wè? *Repantans*, epi apre batize nan Non Jezikri.

301 Kounye a m pral desann pou m priye. E moun sa yo jis otan pou nou ke yo ye pou mwen, petèt menm plis nan liy relasyon sa a.

302 Kounye a annou tout met ansanm, epi men nou nan lafwa, ak menm nan lafwa, ap fè men Seyè Jezi desann pou poze sou pòv moun enfim sa yo. Èske n ap priye avè m?

303 [Pati blanch sou kasèt—Editè a.] Sila yo ak mouchwa ki pou malad ak aflije yo, nou ka pran yo touswit apre sèvis. Kounye a ede m priye pou sa yo, èske n vle?

304 Bondye, nou di W mès, Seyè, pou sa W te fè aswè a. Nou di W mès a lavans pou gerizon chak moun ki vin nan liy lan. Chè Bondye, m priye sou mouchwa sa yo, petèt pou kèk ki pat ka menm vini nan reyinyon an, ak byenneme yo te pote mouchwa yo. Nan Bib la yo te

anseye nou ke yo te pran mouchwa sot nan kò Pòl, mouchwa oswa tabliye. Kounye a, moun sa yo anvan la a te viv nan prezans Ou, yo te wè W nan lari a, yo te wè W nan reyinyon yo, e yo te wè menm Lespri W lan sou Pòl. E yo te konnen se pat nonm sa a, se te Lespri W ki tap domine lavi l, paske nou wè Pòl ap fè menm bagay ke W te fè yo.

305 E kounye a, Seyè, moun yo nan jou sa a wè menm Bondye a ap viv nan Legliz Li ak pèp Li. E yo te pote mouchwa sa yo, ke yo te ka pran sot isi a bay byenneme yo. Akòde, Bondye, ke chak grenn nan yo va geri nan pwòp fason Pa W. Nou pa mande yon sèten bagay ki pou fèt nan okenn sèten fason oswa okenn sèten nati; nou jis mande: “Nan pwòp fason Pa W, Papa, geri yo.” Pou glwa Bondye, m ofri priyè lafwa sa a sou li. Nan Non Jezikri. Amèn.

306 M te g on tan fratènite mèveye nan viwonn lafwa nou, prezans nou nan Jezikri. Se pral yon reyinyon ke m pral sonje lontan de sak te pase: lanmou, kolaborasyon, fratènite.

307 E kounye a, jouk nou rankontre ankò, ke Bondye nan Syèl la gide nou. Limenm Ki fè zetwal yo klere lannwit pou met limyè sou chimen an lè fènwa ap vini, ke L klere chimen nou ak Zetwal Bethlehem lan pou gide nou a yon lavi ki totalman soumèt nan Pawòl Li, se priyè m.

Jouk nou rankontre, jouk nou rankontre,

Jouk nou rankontre nan pye Jezi;

Jouk nou rankontre, jouk nou rankontre,

Pou Bondye avè nou jouk nou rankontre ankò.

308 Kounye a ann kanpe. *Lafwa M Gade Sou Ou!...?...Mwen...ebyen*, m ap chanje sa. M kwè se bon. (Eskize m.)

Lafwa m gade sou Ou,

Ayo Ou nan Kalvè,

Sovè Diven!

Kounye a tande m pandan m priye

Retire tout peche m,

O kite m apati de jou sa a

Pou m pou Ou an antye!

309 Kounye a ann bay youn lòt lanmen lè yo chante.

Pandan m mache nan labirent fènwa lavi a,
E chagren ap gaye nan viwonn mwen,
Se pou W Gid mwen;
Fè fènwa a vin lajounen,
Siye dlo chagren nan je m,
Ni pa kite m janm ale
Soti bò kote W.

310 Santi n miyò kounye a, pa vre?

Sou zèl yon kolonb blan kou nèj,
Bondye voye lanmou pi Li, dous,
Yon siy ki sot anwo,
Sou zèl yon kolonb

Kounye a sou zèl yon kolonb blan kou nèj,
Bondye voye lanmoun pi Li, dous,
Yon siy ki sot anwo,
Sou zèl yon kolonb.

312 Koube tèt nou. Menm jan wou yo fredone yon chante pou al lakay, m konfyan se pral...n ta tande wou yo kap fredone, motè kap gwonde.

Sou zèl yon kolonb blan kou nèj,
Bondye voye lanmou pi Li, dous,
Yon siy ki sot anwo,
Sou zèl yon kolonb.

[Frè Branham kòmanse fredone kè a—Editè a.]

...kolonb,

Bondye voye lanmou pi Li, dous,

Yon siy ki sot anwo,

Sou zèl yon kolonb.

313 Ak tèt nou bese, mwen remèt nou bay Frè Noel.